

BASA KASAR WONTEN ING PENTAS LASKAR DAGELAN

SKRIPSI

Dipunaturaken Dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Kangge Jangkepi Satunggaling Sarat

Minangka kangge Pikantuk Gelar Sarjana Pendidikan



dening

Rendy Ari Baktiar

NIM 10205244025

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2014

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan* punika sampun pikantuk palilah dening *pembimbing kangge dipunujekaken wonten ing pendadaran.*



Yogyakarta, 10 Maret 2014

Pembimbing I,

Drs. Hardiyanto, M.Hum.

NIP. 19561130 198411 1 001

Yogyakarta, 10 Maret 2014

Pembimbing II,





Avi Meilawati, S. Pd., M.A.

NIP. 19830502 200912 2 003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan* punika sampun dipunandharaken wonten ing *pendadaran sangajengipun Dewan Penguji* wonten ing tanggal 25 April 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum	Ketua Penguji		05 Mei 2014
Avi Meilawati, S.pd., M.A	Sekretaris Penguji		05 Mei 2014
Drs. Mulyana, M.Hum	Penguji I		05 Mei 2014
Drs. Hardiyanto, M.Hum	Penguji II		05 Mei 2014

Yogyakarta, 05 Mei 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan wonten ngandhap punika, kula:

Nama : Rendy Ari Baktiar

NIM : 10205244025

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* ingkang kula damel punika saestu damelanipun kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* punika wosipun dereng dipunserat dening tiyang sanes, kajawi babagan tartamtu ingkang kula pundhut minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha *etika* panyeratan *karya ilmiah*.

Seratan wonten wedharan punika dipunserat kanthi saestu, manawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan punika boten leres, bab punika dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 10 Maret 2014

Panyerat,



Rendy Ari Baktiar

SESANTI

Tumungkul rikala minggah, jejeg rikala mandhap.

PISUNGSUNG

Kanthi raos puji syukur dhumateng Gusti Allah SWT, *karya ilmiah* punika dipunpisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula, Bapak saha Ibu ingkang sampun paring pandonga saha panyengkuyung.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayah dhateng panyerat satemah panaliten kanthi irah-irahan “Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan” saged kaimpun kangge jangkepi satunggaling sarat minangka kangge pikantuk gelar sarjana pendidikan. Salawat sarta salam ugi konjuk dhumateng Nabi Muhammad SAW ingkang sampun paring safangatipun.

Panyeratan skripsi punika saged pungkasan tamtu amargi panyengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking punika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:


1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd., M.A minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Hum minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi punika.
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pandom anggen kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Bapak Prof. Dr. Suwarna minangka Penasehat Akademik ingkang kanthi sabar anggenipun bimbing kula salebeting sinau wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Bapak Drs. Hardiyanto, M.Hum minangka Pembimbing I, ingkang sampun sabar saha tlatos paring bimbingan dhateng kula.
6. Ibu Avi Meilawati, S. Pd M.A minangka Pembimbing II, ingkang sampun paring bimbingan dhateng panyerat kanthi tlatos saha sabar.
7. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh ingkang mawarni-warni.
8. Tiyang sepuh kula, Bapak Sukiman saha Ibu Sunarti sarta rayi kula Riska ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga dhateng panyerat.

9. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Dacrah sarta sedayanipun ingkang boten saged kula sebutaken setunggal-setunggal ingkang sampun paring pambiyantu satemah skripsi punika saged kaimpun.

Tamtu kemawon panyeratan skripsi punika dereng saged kawastanan kanthi sampurna. Pramila sedaya panyaruwe sarta pamrayogi dipuntampi kanthi jembaring manah supados panaliten punika saged langkung sae, jangkep saha saged sampurna. Mugi-mugi panaliten punika gadhah paedah kangge sedayanipun ingkang maos skripsi punika.

Yogyakarta, 10 Maret 2014

Panyerat,



Rendy Ari Baktiar

WOSING ISI

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
DHAFTAR <i>TABEL</i>	xi
DHAFTAR GAMBAR	xii
DHAFTAR <i>LAMPIRAN</i>	xiii
DHAFTAR CEKAKAN	xiv
SARINING PANALITEN	xv
BAB I PURWAKA	
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	3
C. Watesaning Perkawis	4
D. Wosing Perkawis	4
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	5
G. Pangertosan	6
BAB II GEGARAN TEORI	
A. <i>Sosiolinguistik</i>	8
B. <i>Variasi Basa</i>	11
1. <i>Variasi</i> saking segi penutur	12
2. <i>Variasi</i> saking segi panganggenipun	14
3. <i>Variasi</i> saking segi keformalan	15
4. <i>Variasi</i> saking segi sarana	17

C. Basa Kasar	18
D. Wujud Basa Kasar	20
1. Basa Kasar Awujud Tembung	20
2. Basa Kasar Awujud Frasa	25
3. Basa Kasar Awujud Klausa	26
E. Fungsi Basa Kasar	27
F. Nalaring Pikir	29
G. Panaliten ingkang Jumbuh	30
 BAB III CARA PANALITEN	
A. <i>Desain</i> Panaliten	32
B. <i>Data</i> lan Sumber <i>Data</i>	32
C. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	33
D. Pirantining Panaliten	34
E. Cara <i>Analisis Data</i>	35
F. <i>Validitas</i> lan <i>Reliabilitas</i>	35
 BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	
A. Asiling Panaliten	37
B. Pirembagan	49
 BAB V PANUTUP	
A. Dudutan	92
B. <i>Implikasi</i>	94
C. Pamrayogi	94
KAPUSTAKAN	96
<i>LAMPIRAN</i>	98

DHAFTAR *TABEL*

<i>Tabel 1.0 : Wujud, Jinis saha Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas</i>	Kaca
Laskar Dagedan.....	37

DHAFTAR GAMBAR

Gambar 1.0 : Wujud Kartu <i>Data</i>	34	Kaca
--	----	------

DHAFTAR *LAMPIRAN*

Lampiran 1.0 : Tabel Analisis Wujud, Jinis saha Fungsi Basa Kasar	Kaca
wonten ing Pentas Laskar Dagelan Kartu.....	97

DHAFTAR CEKAKAN

Ad	: <i>Audioman</i>	Sr	: Sindhir
An	: Andhahan	Ss	: Susilo
Ar	: Aran	Yn	: Yu Ningsih
Di	: Dibyo	Wc	: Wancah
Dk	: Duka	Wi	: Wisben
Fr	: Frasa		
Ga	: Gareng		
Gc	: Ngancem		
Gu	: Gumun		
Gy	: Guyon		
Ha	: Hanung		
Hi	: Hip-hop		
Jk	: Jengkel		
Jo	: Joned		
Ka	: Kaanan		
Kc	: Kuciwa		
Kl	: Klausu		
Kr	: Kriya		
Ld	: Ledhek		
Lg	: Lingga		
Ma	: Marwoto		
Ng	: Ngina		
No	: Nomor		
Ny	: Nyumpahi		
Pn	: Penari		
Rk	: Rangkep		
Sb	: Rumaketing Sesambetan		
Sp	: Superman		

BASA KASAR WONTEN ING PENTAS LASKAR DAGELAN

dening

Rendy Ari Baktiar
NIM 10205244025

SARINING PANALITEN

Panaliten punika katindakaken supados mangertos kados pundi panganggening basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Panaliten punika ngandharaken wujud, jinis saha fungsi basa kasar ingkang dipuntuturaken dening para paraga dhagelan.

Panaliten punika kalebet panaliten kanthi jinis *deskriptif*. Sumber data wonten ing panaliten punika kapanggihaken saking tuturan para paraga pentas Laskar Dagelan. Data wonten ing panaliten punika awujud wujud, jinis saha fungsi basa kasar. Panaliten punika katindakaken kanthi *analisis sosiolinguistik*. Cara anggenipun ngempalaken data inggih punika kanthi cara nyemak saha nyathet. Data ingkang sampun kapanggihaken dipunanalisis kanthi cara *deskriptif* inggih punika panaliti ngandharaken wujud, jinis saha fungsi basa kasar ingkang kapanggihaken wonten ing pentas Laskar Dagelan punika. Panaliti migunakaken *validitas semantis* kangge manggihaken data ingkang *valid*, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas*, panaliti migunakaken *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten punika ngandharaken wujud, jinis saha fungsi panganggening basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Wujud basa kasar ingkang kapanggihaken inggih punika awujud tembung lingga, tembung andhahan, tembung wancah, tembung rangkep. Basa kasar awujud tembung ingkang kapanggihaken punika kanthi jinis tembung aran, tembung kaanan saha tembung kriya. Wujud basa kasar sanesipun inggih punika awujud frasa ingkang kanthi jinis frasa aran saha frasa kaanan. Wujud basa kasar ingkang pungkasan inggih punika awujud klausa. Fungsi basa kasar ingkang kapanggihaken inggih punika: 1) basa kasar kangge ngledhek, 2) basa kasar kangge nyindhir, 3) basa kasar kangge ngandharaken raos duka, 4) basa kasar kangge ngandharaken raos jengkel, 5) basa kasar kangge ngandharaken raos kuciwa, 6) basa kasar kangge ngandharaken gumun, 7) basa kasar kangge ngancem, 8) basa kasar kangge tenger rumaket ing sesambetan, 9) basa kasar kangge guyon, 10) basa kasar kangge ngina, lan ingkang pungkasan 11) basa kasar kangge nyumpahi.

Pamijining tembung: basa kasar, Laskar Dagelan

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa punika satunggaling perangan ingkang wigati wonten ing pagesangan manungsa. Kanthi basa tiyang saged ngandharaken punapa kemawon ingkang saweg dipunraos, ngandharaken pamanggihipun lan sarana kangge guneman kaliyan tiyang sanes. Pramila panganggening basa punika kedah dipuntrepaken kaliyan kahanan lan papanipun.

Panganggening basa punika mawarni-warni ancasipun. Wonten ing pagesangan, salah satunggaling ancas saking basa inggih punika kangge ngandharaken raos *emotif*. Nalika tiyang gadhah pangraos remen utawi duka, basa ingkang dipunginakaken punika beda-beda jumbuh kaliyan raosipun. Tuladhanipun bilih tiyang saweg duka asring migunakaken basa ingkang kasar kangge ngandharaken raosipun.

Basa kasar punika basa ingkang boten trep kaliyan tata krama utawi unggah-ungguh wonten ing masarakat amargi basa kasar punika kagolong basa ingkang saru menawi dipunginakaken. Basa kasar punika asring dipunginakaken kangge misuh dhateng tiyang sanes. Tiyang migunakaken basa kasar tamtu wonten sebab lan ancasipun. Wonten ing jaman samenika, masarakat wonten ing tlatah Jawa migunakaken basa kasar boten namung kangge ngandharaken raos duka kemawon, ananging ugi saged dipunginakaken kangge guyonan lan dados tenger reraketing anggenipun sesambetan.

Basa kasar punika boten namung dipunpanggihaken wonten ing masarakat, ananging ugi saged dipunpanggihaken wonten ing panggung panglipur. Salah satunggaling panggung panglipur ingkang kathah ngemu basa kasar inggih punika wonten ing pentas Laskar Dagelan. Wonten ing pentas punika para paraga asring migunakaken basa kasar dhateng mitra tuturipun.

Pentas Laskar Dagelan punika nyariosaken bab istimewaipun Ngayogyakarta Hadiningrat ingkang beda kaliyan prinsip *demokrasi* wonten ing Indonesia. Wonten ing pacelathon pentas Laskar Dagelan punika kathah dipunpanggihaken basa kasar abasa Jawi sanajan basa ingkang dipunginakaken punika mawi basa Indonesia, basa Jawi lan sakedhik wonten basa ngamanca. Basa kasar gadhah wujud, jinis lan fungsi kangge ngandharaken punapa ingkang saweg dipunraos. Tuladhanipun tembung kasar ingkang dipunginakaken wonten ing pentas Laskar Dagelan kados makaten.

Susilo : “Kowe isa meneng ora ta, **Su!**” (Data no. 58)

Saking tuladha wonten nginggil punika kapanggihaken basa kasar awujud tembung wancah, inggih punika saking tembung lingga ‘asu’. Basa kasar punika kalebet jinis tembung aran, amargi tembung ‘asu’ saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu asu’. Wonten ing kamus Baoesastra Djawa tembung ‘asu’ punika gadhah teges nama satunggaling kewan. Panganggening tembung ‘asu’ miturut pethikan nginggil punika boten dipunginakaken kangge nyebutaken kewan, ananging dipunginakaken kangge nyebutaken mitra tuturipun Susilo kados dene asu.

Bilih dipunrembag, panganggening tembung ‘su’ punika gadhah makna *metaphor* kanthi teges bilih Soimah punika kados dene ‘asu’. Susilo migunakaken tembung punika kangge misuh dhateng Soimah, amargi Soimah punika nangis kemawon. Tembung punika ugi gadhah teges kirang sae lan saru manawi dipunginakaken kangge nggantosaken asmanipun tiyang sanes.

Saking andharan dhasaring panaliten wonten nginggil, basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan punika narik sanget kangge dipuntliti, amargi wonten ing pentas punika basa kasar boten namung dipunginakaken kangge misuh ananging saged dipunginakaken kangge sanesipun. Panaliten punika badhe ngandharaken wujud, jinis saha fungsi basa kasar ingkang dipunpanggihaken wonten ing pentas Laskar Dagelan.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil punika wonten mawarni-warni perkawis ingkang saged dipundadosaken undering perkawis. Punika underaning perkawis ingkang saged dipunpundhut miturut dhasaring panaliten ing nginggil.

1. Wujud basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.
2. Jinis basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.
3. Faktor ingkang nyebabaken panganggening basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.
4. Ragam basa jawi ingkang ngemu basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.

5. *Referen* basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.
6. Fungsi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.

C. Watesaning Perkawis

Perkawis ingkang dipunandharaken wonten ing underaning perkawis taksih wiyar satemah boten saged dipuntliti sedaya wonten ing panaliten punika. Pramila perkawis ingkang badhe dipuntliti badhe dipunwatesi wonten ngandhap punika.

1. Wujud basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.
2. Jinis basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.
3. Fungsi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.

D. Wosing Perkawis

Miturut watesaning perkawis wonten ing nginggil, pramila wosing perkawis wonten ing panaliten punika, inggih punika.

1. Kados pundi wujud basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan?
2. Kados pundi jinis basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan?
3. Punapa kemawon fungsi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan?

E. Ancasing Panaliten

Miturut wosing perkawis ing nginggil, pramila ancasing panaliten punika inggih punika.

1. Ngandharaken wujud basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.

2. Ngandharaken jinis basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.
3. Ngandharaken fungsi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.

F. Paedahing Panaliten

Wonten warni kalih ingkang saged dipunpundhut paedahipun, inggih punika *teoretis* saha *praktis*. Paedahing panaliten badhe dipunandharaken ing ngandhap punika.

1. Paedah *teoretis*

Panaliten punika dipunkajengaken saged ngrembakakaken kawruh ingkang gayut kaliyan *sosiolinguistik* saha saged paring pambiyantu kangge panaliten salajengipun. Kajawi punika ugi kangge nambah cacahing panaliten wonten ing babagan *sosiolinguistik*.

2. Paedah *praktis*

- a. Kangge para paraga dhagelan, asiling panaliten punika saged dipunginakaken kangge nambah pamilihing tembung saha mangerots fungsipun wonten ing panggung panglipur, mliginipun basa kasar.
- b. Kangge masarakat, panaliten punika dipunpangajab caos pamahaman ngengingi basa kasar, satemah masarakat boten ginakaken basa kasar dhateng mitra tuturipun amargi boten trep lan boten sae manawi dipunginakaken wonten ing pagesangan.
- c. Kangge panaliti piyambak, panaliten punika caos pamahaman ngengingi wujud, jinis, saha fungsi panganggening basa kasar.

G. Pangertosan

1. Basa kasar

Basa kasar inggih punika basa ingkang boten jumbuh kaliyan tata krama manawi dipunginakaken wonten ing masarakat tartamtu. Miturut pamanggihipun Padmosoekotjo (1953: 15) basa kasar limrahipun kadadosan saking tembung ngoko kaliyan tembung kasar, punika basanipun tiyang ingkang saweg misuh. Tembung-tembung kasar cacahipun boten kathah, lan kathah-kathahipun gayut kaliyan tembung aran, tembung kriya lan tembung-tembung kahanan ingkang gadhah *frekuensi* ingkang inggil (Poedjosoedarmo, 1979: 24). Tuladhanipun basa kasar wonten ngandhap punika.

“Aja kakehan **cangkem**.” (Kapethik saking Wijana, 2008: 252).

Saking tuladha punika saged dipunpanggihaken basa kasar ingkang awujud tembung lingga inggih punika tembung ‘cangkem’. Tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu cangkem’. Tembung ‘cangkem’ punika gadhah teges nama peranganing badan ingkang dipunginakaken kangge ngendika. Tembung punika kalebet basa kasar amargi tembung ‘cangkem’ dipunginakaken kangge ngandharaken supados mitra tuturipun boten kathah pangandikanipun, sanes dipunginakaken kangge nyebut ‘cangkem’ ingkang kathah.

2. Pentas Laskar Dagelan

Pentas Laskar Dagelan inggih punika salah satunggaling pentas ingkang sampun katindakaken wonten ing Graha Bhakti Budaya – TIM Jakarta surya kaping 29 – 30 Maret 2011. *Produser* wonten ing pentas Laskar

Dagelan inggih punika Butet Kartaredjasa, ingkang dados *sutradara* inggih punika Djaduk Ferianto. Paraga wonten ing pentas Laskar Dagelan inggih punika: Marwoto (abdi dalem), Susilo Nugroho (sadean wonten pasar klithikan), Yu Ningsih (Bakul gudheg), Soimah (lare estri), Gareng Rakasiwi (Punakawan, tukang mabuk), Joned (Punakawan, garwanipun lare estri), Wisben (Punakawan, tukang sulap), Dibyo Primus (mahasiswa), Hendro Plered (Intel, Superman), Hanung Bramantyo (bintang tamu), Hip-Hop Jawa.

Pentas Laskar Dagelan punika nyariyosaken babagan kaistimewaan Ngayogyakarta Hadiningrat ingkang beda kaliyan prinsip demokrasi wonten ing Indonesia. Wonten ing salebeting cariyos punika ugi dipunlebetaken cariyos lare estri ingkang gadhah pepenginan dados *artis*, lan lare estri punika gadhah rasa tresna dhateng sutradara, ananging wonten ing pungkasan cariyos sutradara punika sajatosipun tresna dhateng ibunipun lare estri.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. *Sosiolinguistik*

Miturut Nababan (1984: 2), *sosiolinguistik* inggih punika *studi* utawi pirembaran basa ingkang gayut kaliyan pangangge basa minangka anggota masarakat. Saben tiyang tamtu betahaken tiyang sanes wonten ing alam gesang punika. Adhedhasar kahanan punika tamtu tiyang punika migunakaken basa minangka piranti *komunikasi* wonten ing masarakatipun. Masarakat punika ingkang paring makna basa. Pirembaran wonten ing *sosiolinguistik* inggih punika *aspek-aspek* kamasarakatan basa mliginipun *variasi* basa ingkang gayut kaliyan *faktor-faktor* kamasarakatan.

Wonten ing jaman samenika, *dimensi* masarakat ingkang nyebabaken mawarni-warni basa ingkang fungsipun boten namung kangge titikan bedanipun *kelas sosial* wonten ing masarakat, ananging panganggening basa punika ugi kangge nitiki kahanan anggenipun bebasan ingkang ngandharaken ancas, *topik*, aturan saha *modus* panganggening basa. Tuladhanipun wonten ing masarakat jawa, panganggening basa antawisipun guru kaliyan siswa tamtu beda.

Pangertosan *sosiolinguistik* ugi dipunandharaken dening Suwito (1982: 2), ingkang ngandharaken bilih *sosiolinguistik* netepaken kalungguhaning basa gayut kaliyan pangangge basa wonten ing masarakat. Kalungguhan basa punika ateges ancas utawi wigatinipun basa ingkang dipunginakaken wonten

ing satunggaling masarakat. Pramila, panganggening basa boten namung dipunpermati mawi satunggal tiyang kemawon ananging dipungayutaken kaliyan kagiyatan wonten ing masarakat. Kadosta basa ingkang dipunginakaken dening pranatacara, tamtu basa punika dipunginakaken wonten ing upacara manten (kagiyatan masarakat). Katilik saking pangertosan punika, Nurhayati (2009: 4) ugi ngandharaken bilih *sosiolinguistik* inggih punika ngelmu ingkang gayut kaliyan *perian-perian detil* satunggaling basa ingkang dipunginakaken kanthi nyata dening masarakatipun. Saben masarakat tamtu gadhah tetengering basa ingkang dipunginakaken. *Perian-perian* punika ingkang dados tetengering basa wonten ing satunggaling masarakat. Tuladhanipun inggih punika panganggening basa lan dialek wonten ing kabudayan tartamtu ingkang gayut kaliyan wujud tuturan, pamilihing tembung, topik lan kahanan.

Pamanggih salajengipun dipunandharaken dening Chaer lan Agustina (2004: 2), ingkang ngandharaken bilih *sosiolinguistik* inggih punika *bidang ilmu antardisiplin* ingkang ngrembag basa ingkang gayut kaliyan panganggening basa kasebut wonten ing masarakat. *Objek* wonten ing *sosiolinguistik* inggih punika dipunpirsani saking sarana komunikasi wonten ing masarakat. Pramila, kajian wonten ing *sosiolinguistik* punika boten tebih saking perkawis basa kaliyan kagiyatan-kagiyatan masarakat. Tuladhanipun basa ingkang dipunginakaken wonten ing kagiyatan upacara tamtu beda kaliyan basa ingkang dipunginakaken wonten ing pasar.

Saking andharan para ahli babagan *sosiolinguistik* ingkang sampun dipunandharaken wonten nginggil, saged dipunpundhut dudutan bilih *sosiolinguistik* inggih punika ngelmu *antardisiplin* ingkang ngrembag perkawis-perkawis basa ingkang dipunginakaken wonten ing masarakat ingkang gayut kaliyan budaya, kahanan saha *struktur sosial* ingkang nyebabaken *variasi* basa. Tuladhanipun wonten ing satunggaling masarakat wonten tiyang ingkang micara migunakaken basa kasar, wonten ing masarakat sanesipun basa kasar punika dereng tamtu kalebet basa ingkang kasar. Panganggening basa kasar punika ugi dipundayani saking kahanan lan *struktur sosial* wonten ing satunggaling masarakat. Kajawi punika pamilihing tembung kasar ingkang dipunginakaken ugi gadhah ancas kening punapa tiyang migunakaken basa kasar. Perkawis-perkawis wonten ing tuladha punika ingkang badhe dipunrembag migunakaken ngelmu *sosiolinguistik*.

Panaliten kanthi irah-irahan “Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan” inggih punika satunggaling panaliten ingkang kalebet *kajian sosiolinguistik*. Pentas Laskar Dagelan punika pentas ingkang nyariyosaken masarakat saking kelas sosial andhap. Kelas sosial andhap kagolong masarakat ingkang kirang pendidikan, satemah anggenipun bebasan asring migunakaken basa ingkang kasar. Panaliten punika badhe ngrembag kados pundi panganggening basa mliginipun basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.

B. Variasi Basa

Saking andharan sosiolinguistik wonten ing nginggil saged dipunmangertos bilih sosiolinguistik inggih punika pirembagan basa ingkang gayut kaliyan pangangge basa wonten ing masarakat ingkang dadosaken *variasi* basa. Variasi basa punika wosing pirembagan wonten ing sosiolinguistik.

Miturut Chaer lan Agustina (2004: 62), variasi basa wonten kalih pandangan. Kaping sapisan inggih punika saged dipuntingali saking ragam *sosial* ingkang migunakaken basa saha karagaman fungsi basa kasebut. Kaping kalih inggih punika *variasi* basa punika sampun wonten kangge jangkepi fungsi piranti *interaksi* wonten ing masarakat ingkang maneka warni. Saged dipunmangertos bilih *variasi* basa kadadosan saking fungsi basa saha masarakat ingkang maneka-warni. *Variasi* basa utawi ragam basa saged dipunperang adhedhasar karagaman sosial saha fungsipun wonten ing masarakat (Chaer lan Agustina 2004: 62).

Saking pangertosan punika saged dipunpundhut dudutanipun bilih variasi basa punika pesthi wonten ing masarakat ingkang maneka warni. Wonten ing panaliten punika badhe ngandharaken bab fungsi basa mliginipun basa kasar. Masarakat wonten ing panaliten punika inggih punika para paraga wonten ing pentas punika. Masarakat wonten ing pentas punika uga kalebet masarakat ingkang heterogen amargi saben paraga maragakaken tokoh ingkang beda saha gadhah fungsi piyambak-piyambak.

Chaer lan Agustina (2004:62-73) ugi ngandharaken bilih *variasi* basa dipunperang dados sekawan, inggih punika:

1. *Variasi* saking *segi* panutur

Variasi basa saking *segi* panutur inggih punika *variasi* basa ingkang asipat *individu* saha *variasi* basa saking sakelompok tiyang ingkang cacahipun *relatif* wonten ing salah satunggaling papan tartamtu. *Variasi* basa saking *segi* panuturipun saged dipunperang dados sekawan jinis. Sekawan jinising *variasi* basa saking *segi* panuturipun badhe dipunandharaken wonten ngandhap punika.

- a. *Idiolek* inggih punika *variasi* basa ingkang asipat *individu*. Saged dipunsebut bilih saben tiyang gadhah tetenger basa piyambak-piyambak. Tuladhanipun paraga wayang Arjuna ingkang gadhah suwanten ingkang sareh, inggih punika *pelan* lan sabar (kapethik saking Mudjanittistomo wonten ing Nurhayati 2009: 51). Dudutanipun inggih punika saking micaranipun sampun dipunmangertos sinten ingkang micara sanajan boten katingal tiyangipun.
- b. *Dialek* inggih punika *variasi* basa saking sakelompok tiyang ingkang jumlahipun *relatif* wonten ing salah satunggaling papan tartamtu. *Dialek* punika saged dipunginakaken kangge tetenger asalipun tiyang, sanajan saben tiyang gadhah *idiolek* piyambak-piyambak ananging gadhah unsur ingkang sami inggih punika dialekipun. Tuladha *dialek* saged dipunpirsani wonten ngandhap punika.

“Bagong : Arep nggendhing modhel anyar ya luweh lawas ya luweh ora arep ngrungokake aku kupingku arep takbuntoni ra arep ngrungokke gendhinge petruk.” (kapethik saking Sugito wonten ing Nurhayati, 2009: 62)

Saking tuladha nginggil, wonten tembung ‘luweh’ lan ‘takbuntoni’.

Tembung punika gadhah tetenger manawi Bagong punika asalipun saking Kulonprogo, satemah tuturan punika gadhah dialek Jawa Yogyakarta (Kulonprogo).

- c. *Kronolek* inggih punika variasi basa ingkang dipunginakaken dening kalompok sosial wonten ing wekdal tartamtu. Wonten ing basa Indonesia tuladhanipun wujud panganggening basa salebeting taun 1930, 1950 saha variasi ingkang dipunginakaken wonten ing jaman samenika. Variasi basa adhedhasar jaman ingkang beda punika saged dipuntengeri saking *lafal*, *ejaan*, *morfologi* saha *sintaksis*. Tuladha wonten ing basa Jawa inggih punika tembung ‘ingong’ kalebet tembung basa Jawi kina. Samenika tembung ‘ingong’ dados ‘inyong’ wonten ing *dialek* Banyumas. Tembung punika taksih gadhah teges ingkang sami, inggih punika ateges ‘aku’.
- d. *Sosiolek* inggih punika *variasi* basa ingkang gayut kaliyan status, golongan, saha kelas sosial panutur basa. Wonten ing *sosiolinguistik*, *variasi* punika ingkang asring dipunrembag, amargi variasi punika gayut kaliyan kapribadhen para panutur basa, kadasta yuswa, pendhidhikan, pakaryan, kahanan sosial saha ekonomi saha sanesipun. *Variasi* basa wonten ing *sosiolek* dipunperang malih, kadosta *akrolek*, *basilek*, *vulgar*, *slang*, *kolokial*, *jargon*, *argot*, *ken*.

Tuladha *sosiolek* saged dipunpanggihaken wonten ing pacelathon ngandhap punika.

Maswapati : Putuku, Ngger, Puntadewa.

Puntadewa : Kula nuwun wonten pangandika, Kanjeng Eyang.

Maswapati : Wayah Prabu Dwarawati, wus rawuh ing pakuwon Randu Watangan.

Kresna : Kula nuwun inggih, mugiya kepareng Kanjeng Eyang paring pangandika, Kanjeng Eyang.

(kapethik saking Nurhayati (2009: 63))

Saking tuladha pacelathon wonten nginggil sage dipunpirsani bilih Raja Maswapati migunakaken ngoko lugu dhateng Puntadewa, saha migunakaken basa wedha krama dhateng Kresna. Panganggening ngoko lugu amargi Puntadewa punika wayahipun Raja Maswapati lan wonten ing kahanan samenika Puntadewa boten gadhah jabatan. Panganggening wedha krama amargi wonten ing kahanan punika Kresna minangka Raja Dwarawati, lan jelmaan Dewa satemah gadhah charisma utawi wibawa kangge dipunormati sanajan sami-sami wayahipun Raja Maswapati. Sawalikipun, Puntadewa kaliyan Kresna migunakaken krama inggil amargi Maswapati punika Raja lan ugi simbahipun.

2. *Variasi* saking segi panganggenipun

Variasi basa saking segi panganggenipun gegayutan kaliyan bidhang panganggenipun. Tuladhanipun wonten ing padintenan inggih punika variasi basa wonten ing bidhang militer, sastra, jurnalistik, saha sanesipun basa ingkang dipunginakaken beda adhedhasar bidhangipun. *Variasi* punika ugi asring dipunsebut *register*. Tuladhanipun inggih punika tembung “*koma*” manawi dipunginakaken wonten ing dhokter beda

kaliyan tembung “*koma*” manawi dipunginakaken wonten ing bidhang pendhidhikan.

3. *Variasi* saking segi keformalan

Miturut pamanggihipun Joos wonten ing Chaer lan Leonie Agustina (2004: 70) *variasi* basa dipunbedakaken adhedhasar keformalan dipunperang dados gangsal, inggih punika *ragam baku*, *ragam resmi*, *ragam usaha*, *ragam santai*, *ragam akrab*. Gangsal *variasi* basa adhedhasar keformalan badhe dipunandharaken ing ngandhap punika:

- a. *Ragam baku (frozen)* inggih punika basa ingkang dipunginakaken wonten ing kahanan ingkang resmi, khidmad. Basa wonten ing kahanan punika susunanipun boten saged dipunowahi. Tuladhanipun *ragam beku* wonten ngandhap punika.

“Ywangkat sang prawara kuswa, magora gra gumiwang nggegeteri, swaraning teteg gumuruh, wor pangriking turangga, bendhe beri sauran munya mangungkung, prantandha mangkating yuda, gambira tyasing prajurit.” (kapethik saking Hadiprayitno wonten ing Nurhayati 2009: 49).

Tuladha wonten nginggil kalebet *ragam baku* amargi kalebet jinis Kawin Sekar Pangkur. Tuturan punika kalebet jinis macapat ingkang struktur ukaranipun boten kaiket, ananging kaiket dening tata panyeratan macapat, kadosta guru lagu, wilangan lan gatraniipun.

- b. *Ragam resmi (formal)* inggih punika basa ingkang dipunginakaken wonten ing kahanan ingkang *resmi*. Ragam basa punika biasanipun saged dipunpanggihaken wonten ing buku pelajaran, wonten ing rapat, wonten

ing layang dinas saha kahanan resmi sanesipun. Tuladhanipun saged dipunpanggihaken wonten ngandhap punika.

“Pranyata ingkang kinarya bebuka murciteng kawi pakuwon Sewuntana. Aja dupeh among pakuwon, among pindha kedhaton ingkang gumelar wonten madyaning wana, awit saking edi rengganing pakuwon wau. Pranyata ingkang nggelar pakuwon wonten madyaning wana Mbulu Pitu nata gung bathara ingkang angrenggani nagari Ngastina.” (kapethik saking Nurhayati, 2009: 25)

Tuladha wonten nginggil punika migunakaken wujud basa miturut tata aturaning bebasan. Ukara wonten ing tuladha punika jangkep. Tembung-tembung ingkang dipunpilah wetah, lan migunakaken undha usuk ngoko endah lan krama endah.

- c. *Ragam usaha (konsultatif)* inggih punika basa ingkang biasa dipunginakaken wonten ing sekolah, pakempalan saha sanesipun. *Ragam* basa menika ugi dipunsebut ragam basa ingkang *operasional*. *Ragam* basa punika antawisipun *ragam formal* kaliyan *ragam santai*.
- d. *Ragam santai (casual)* inggih punika basa ingkang dipunginakaken wonten ing kahanan ingkang boten *resmi*. Asringipun dipunginakaken wonten ing pawicantenan dhateng kaluwarga, kanca, saha sanesipun. Tembung-tembung ingkang dipunginakaken tembung ingkang *allegro*, pamilihing tembung ugi adhedhasar *dialek* saha unsur basa daerah. Tuladhanipun wonten ngandhap punika.

“Gareng: Jajal gendhingna!” (kapethik saking Nurhayati, 2009: 28)

Saking tuladha tuturan Gareng punika wonten *proses elip fungtor subjek lan objek*. Ukara jangkepipun kedahipun: “Jajal aku gendhingna Gong!”.

- e. *Ragam akrab (intimate)* inggih punika basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang sesambetanipun sampun rumaket, kadasta kaliyan kanca utawi kaluwarga. Tetengeran saking ragam punika inggih punika katingal saking pamilihing tembung ingkang dipunginakaken boten jangkep, cekak saha kanthi artikulasinipun asring boten cetha. Kadadosan punika amargi sampun sami dipunmangertos dening tiyang wonten ing satunggaling kalompok. Tuladhanipun inggih punika tiyang ingkang panggih kaliyan kanca raketipun, tetembungan ingkang dipunginakaken migunakaken *sapaan khusus* ingkang boten dipunmangertos dening kanca-kanca sanesipun (Aslinda lan Leni Syafyahya, 2007: 20).

4. *Variasi* saking segi sarana

Variasi basa punika saged dipunpirsani saking segi sarana ingkang dipunginakaken, inggih punika ragam basa lisan saha ragam basa seratan. Panganggening ragam lisan dipunbiyantu kaliyan unsur-unsur *nonsegmental* utawi unsur *nonlinguistik*, manungsa dipunbiyantu kaliyan swanten, saha tetenger migunakaken fisik sansesipun kadasta ngangge tangan, sirah saha sanesipun. Menawi ragam basa seratan dipunbiyantu kaliyan *ejaan* kalebet tetengering maos. Tuladhanipun basa ingkang dipunginakaken wonten ing padintenan beda kaliyan basa seratan ingkang dipunginakaken wonten ing cerkak utawi novel.

C. Basa Kasar

Miturut pamanggihipun Padmosoekotjo (1953: 15) basa kasar limrahipun kadadosan saking tembung ngoko kaliyan tembung kasar, punika basanipun tiyang ingkang saweg misuh. Tembung-tembung kasar cacahipun boten kathah, lan kathah-kathahipun gayut kaliyan tembung aran, tembung kriya lan tembung-tembung kahanan ingkang gadhah *frekuensi* ingkang inggil (Poedjosoedarmo, 1979: 24). Basa kasar limrahipun dipunginakaken dening tiyang ingkang saweg duka, inggih punika kangge misuh dhateng tiyang sanes (Kementerian Pengadjaran, Pendidikan, dan Kebudayaan, 1949: 83). Kadhang kala tembung-tembung kasar punika ateges peranganing badan, namaning kewan, lan sanesipun ingkang dipunginakaken kangge misuh dhateng tiyang sanes.

Miturut Wijana (2008: 250) tembung-tembung pisuhan kalenggahanipun wonten ing jawi klausa *inti* satunggaling tuturan, lan kanthi *pragmatik* tembung pisuhan dipunginakaken kangge misuh. Basa kasar ugi gadhah sipat kados makaten, ananging tembung kasar kalenggahanipun saged wonten ing salebeting klausa *inti*, lan boten namung dipunginakaken kangge misuh. Miturut pamanggihipun Sudaryanto, dkk (1982: 132), panganggening basa kasar punika wonten *kriteria* ingkang nemtokaken basa kasar bilih dipunpirsani saking sumberipun, inggih punika:

1. kabentuk saking *referen* ingkang miturut tiyang jawi boten sae manawi dipunginakaken kangge guneman. *Referen* ingkang dipunmaksud inggih punika menapa kemawon ingkang *menjijikan*, kadasta bebucalanipun

tiyang, kewan, lan ugi perangan badan ingkang dipunginakaken kangge bebucal menika. Tuladhanipun inggih punika tembung tai, silit, peli, turuk, lan jembut.

2. kabentuk kanthi *strategi penerapan makna*. Wonten ing perkawis menika, tembung ingkang dipunginakaken kangge nyebutaken perkawis ingkang drajatipun langkung andhap dipunginakaken kangge nyebutaken perkawis ingkang drajatipun langkung inggil. Satemah perkawis ingkang langkung inggil punika drajatipun sami kaliyan perkawis ingkang drajatipun langkung andhap. Tuladhanipun ‘congor’, tembung kasebut dipunginakaken kangge nyebutaken peranganing badan kewan. Basa kasar kasebut manawi saestu dipunginakaken kangge nyebutaken nama peranganing badan kewan, tembung kasebut boten kalebet basa kasar, kadosta ukara “**Congor** babi ki bentuke njijiki, ya?”. Ananging tembung kasebut saged kagolong kasar manawi kangge nyebut peranganing badan tiyang, kadosta ukara “Tutup **congormu!** Omongan kok ra genah!”
3. ingkang gadhah *strategi penerapan makna* ananging kawates saking tumindakipun manungsa. Tuladhanipun tembung ‘nguntal’, wonten ing ukara “Lho, **nguntal** pil awit mau kok ora isa-isa ta?” menika boten kalebet basa kasar. Ananging ugi saged dados basa kasar kadosta wonten ing ukara “**Nguntal** ora uwis-uwis! Cepet piringe arep ndang diisahi!”. Gayut kaliyan makna, tembung ngoko ugi saged kalebet basa kasar manawi dipunginakaken wonten ing konteks ingkang boten jumbuh. Tuladhanipun wonten ing ukara “Bapak mau turu.”. Wonten ing ukara

punika ingkang ngucapaken inggih punika putra dhateng tiyang sepuhipun. Ukara punika kalebet basa kasar amargi wonten ing masarakat Jawi, tembung ‘turu’ punika dipunginakaken kangge tiyang ingkang langkung sepuh. Tembung ‘turu’ punika kedahipun dipunginakaken kangge tiyang ingkang yuswanipun sapantaran.

D. Wujud Basa Kasar

Miturut Wijana (2008: 250), basa kasar kaliyan pisuhan boten gampil manawi dipunbedakaken. Miturut Wijana lan Rohmadi (2012: 115), basa pisuhan dipunperang dados tigang wujud, inggih punika awujud tembung, frasa lan klausa.

1. Basa kasar awujud tembung

Miturut pamanggihipun Mulyana (2011: 8), ingkang ateges tembung inggih punika wujud basa ingkang karakit saking satunggal morfem utawi langkung. Andharan tembung punika badhe kaandharaken wonten ngandhap punika.

a. Basa kasar awujud tembung lingga

Miturut Antunshono (1952: 13) tembung lingga inggih punika tembung ingkang dereng ewah saking asalipun. Sasangka (2001: 34), ugi ngandharaken bilih tembung lingga inggih punika tembung ingkang taksih wetah dereng dipunsukani wuwuhan punapa-punapa. Tembung lingga punika ugi gadhah jinisipun, andharanipun wonten ngandhapa punika.

1) Basa kasar awujud tembung lingga jinis tembung aran

Miturut Sasangka (2001: 98) ingkang dipunsebut tembung aran inggih punika tembung ingkang ngandharaken namaning barang utawi menapa kemawon ingkang dipunanggep barang. Tembung aran kathahipun saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ utawi ‘ana’, lan boten saged sinambung kaliyan tembung ‘ora’. Antunshono (1956: 47), ugi gadhah pamanggih bilih tembung aran inggih punika tembung ingkang ngandharaken namaning benda. Tuladha basa kasar ingkang kalebet jinis tembung aran inggih punika.

“Aja kakehan **cangkem**.” (kapethik saking Wijana, 2008: 252)

Tembung ‘cangkem’ wonten ing tuturan nginggil kalebet basa kasar awujud tembung lingga kanthi jinis tembung aran. Tembung ‘cangkem’ punika kalebet tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu cangkem’.

2) Basa kasar awujud tembung lingga jinis tembung kaanan

Tembung kaanan ugi sinebut tembung watak. Miturut Sasangka (2001: 103), tembung kaanan inggih punika tembung ingkang saged ngandharaken kaanan utawi watak satunggaling barang utawi bab. Tembung kaanan punika saged sinambung kaliyan tembung ‘luwih’, ‘rada’, ‘paling’ lan ‘banget’. Tuladha basa kasar ingkang kalebet jinis tembung kaanan inggih punika ‘pekok, kenthir’. Tembung punika saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ dados ‘pekok banget’ lan ‘kenthir banget’.

3) Basa kasar awujud tembung lingga jinis tembung kriya

Miturut Antunshono (1956: 45) tembung kriya inggih punika tembung ingkang mratelakaken solah bawa. Sasangka (2001: 100), ugi ngandharaken bilih tembung kriya saged ateges lumakuning kaanan. Tembung kriya saged sinambung kaliyan tembung ‘anggone’ utawi ‘ora’. Tuladha basa kasar ingkang kalebet jinis tembung kriya inggih punika.

“**Minggat** kana, nek perlu ora usah bali!” (kapethik saking Wijana, 2008: 253)

Tembung ‘minggat’ wonten ing tuturan nginggil kalebet basa kasar awujud tembung lingga kanthi jinis tembung kriya. Tembung ‘minggat’ punika kalebet tembung kriya amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘anggone’ utawi ‘ora’, dados ‘ora minggat’ utawi ‘anggone minggat’.

b. Basa kasar awujud tembung andhahan

Miturut Sasangka (2001: 36), tembung andhahan inggih punika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun amargi sampun kawuwuhan. Tembung andhahan ugi sinebut tembung lingga ingkang sampun dipunrimbag. Miturut Mulyana (2011:13) ewahaning tembung saged dipunperang dados sekawan, inggih punika; (1) tembung lingga ingkang dipunsukani ater-ater (*prefiks*), inggih punika kanthi wuwuhan; N- (ny, m, ng, n), sa-, pa, paN-, pi-, pra-, dak/tak-, kok/tok-, di-, ka/di-, ke-, a-, ke-, a-, ma-, kuma-, kapi-, tar/ter. (2) tembung lingga ingkang dipunsukani seselan (*infiks*), inggih punika kanthi wuwuhan; -er-, -el-, -um-, -in-. (3) tembung lingga ingkang dipunsukani panambang (*sufiks*), inggih punika kanthi wuwuhan; -

e/ne. -an, -en, -i, -ake, -a, -ana, -na. (4) tembung lingga ingkang dipunsukani ater-ater saha panambang (*konfiks*), inggih punika proses gabungaken wuwuhan wonten ing ngajeng saha wingkingipun tembung. Tuladha basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika:

“**Gundhule** sapa kae kok ora ngalih-ngalih.” (kapethik saking Wijana, 2008: 254)

Tembung ‘gundhule’ punika saking tembung lingga ‘gundhul’ pikantuk panambang ‘-e’. Wonten ing masarakat jawi, tembung gundhul punika ateges kahananipun sirah ingkang boten wonten rikmanipun. Tuturan punika kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge nyebut peranganing badan.

Tuladha sanesipun dipunpangguhaken tembung aran ingkang kadapuk saking tembung aran lan *klitika*. Miturut Verhaar (1988: 62), tembung *klitika* inggih punika tembung ingkang asring dipunginakaken kangge nyebutaken tembung-tembung ingkang cekak, ingkang boten gadhah *aksen*, amargi makaten kedah caket kaliyan tembung ingkang gadhah *aksen* minangka *konstituenipun*. Tuladhanipun inggih punika ‘endhasmu, matamu’ punika kadhapuk saking tembung aran ‘endhas, mata’, lan *klitika* –mu. *Klitika* –mu punika wujud cekak saking *pronomina persona*, ingkang gadhah teges ‘*milik*’ (Sudaryanto, 1992: 92).

c. Tembung rangkep

Miturut Antunshono (1956: 36) tembung rangkep inggih punika tembung ingkang anggenipun ngucapaken dipunambali kanthi kaping kalih, namung saperangan utawi sedayanipun. Tembung rangkep dipunperang dados

tiga, inggih punika tembung rangkep dwilingga, tembung rangkep dwipurwa, saha tembung rangkep dwi wasana. Miturut Pedjosoedarmo wonten ing Mulyana (2011: 33) ingkang dipunsebut tembung rangkep dwi lingga inggih punika tembung ingkang dipunrangkep kanthi jangkep. Tegesipun tembung rangkep dwi lingga punika awujud saking tembung ingkang taksih wetah, kadasta ‘gedhe-gedhe’.

Tembung rangkep kaping kalih inggih punika dipunsebut dwi purwa. Miturut Antunshono (1956: 39), ingkang dipunsebut tembung rangkep dwi purwa inggih punika tembung ingkang dipunrangkep purwaning lingganipun. Tuladhanipun tembung rangkep dwi purwa inggih punika tembung ‘tutuku’, asalipun saking tembung lingga ‘tuku’. Wujudipun tembung rangkep kaping tiga inggih punika tembung rangkep dwi wasana. Miturut Antunshono (1956: 40) ingkang dipunsebut dwi wasana inggih punika wujud saking tembung lingga ingkang dipunrangkep wingkingipun. Tuladhanipun inggih punika tembung ‘cekakak’. Kajawi punika Mulyana (2011: 37) ngandharaken bilih tembung rangkep saged dipunsukani wuwuhan.

d. Tembung camboran

Miturut Mulyana (2011: 37) ingkang dipunsebut tembung camboran inggih punika tembung ingkang kagabung saking kalih utawi langkung saking morfem asalipun, kanthi migunakaken wuwuhan punapa boten. Tembung camboran wonten kalih wujud, inggih punika camboran wutuh lan camboran tugel. Miturut Sudaryanto, dkk wonten ing Mulyana (2011: 38) ngandharaken bilih tembung camboran saged dipundamel kanthi pitu cara kados punika 1)

wonten makna enggal ingkang boten saged dipunwangsulaken wonten ing wujud dhasaripun, tuladhanipun ‘randha royal’, 2) ngawontenaken makna enggal ingkang taksih caket kaliyan makna dhasaripun, tuladhanipun ‘kurang ajar’, 3) wonten kasalarasan makna utawi wujud fonemis antawis wujud dhasaripun, tuladhanipun ‘solah bawa’, 4) ngawontenaken wujud dhasar ingkang prakategorial, tuladhanipun ‘gandheng cenen’, 5) ngawontenaken wujud dhasar arupi unsur ingkang unik, tuladhanipun ‘padhang jingglang’, 6) kawontenanipun wujud penggalan minangka wujud dhasaripun, tuladha ‘budhe’, 7) kawontenanipun wujud onomatope, tuladha ‘thekse’.

5. Tembung Wancah

Miturut Antunshono (1956: 43), tembung wancah inggih punika tembung lingga ingkang dipuncetak. Tuladhanipun inggih punika tembung ‘su’. Tembung wancah ‘su’ punika saking tembung lingga ‘asu’ ingkang dipuncetak dados ‘su’.

2. Basa kasar awujud frasa

Miturut pamanggihipun Mulyana (2009: 35), ngandharaken frasa inggih punika konsturksi gramatikal ingkang dipundamel saking kalih ukara utawi langkung ingkang asipat boten predikatif. Sasangka (2001: 127), ugi ngandharaken bilih frasa punika gadhah titikan drajatipun antawis tembung kaliyan klausa utawi saknginggilipun tembung lan sangandhapipun klausa, wujudipun saking kalih tembung utawi langkung, tembung-tembung ingkang

kadhapak wonten ing frasa urut-urutanipun boten saged langkung saking wasesa. Frasa punika kadamel saking frasa *inti* kaliyan frasa *atributif*.

Miturut Saptomo (2001: 35), pisuhan wonten ing basa jawi ingkang awujud frasa saged dipunperang dados kalih, inggih punika frasa kanthi jinis frasa aran lan frasa kaanan. Frasa aran inggih punika frasa ingkang intinipun kalebet jinis tembung aran (Sasangka, 2001: 132). Tuladhanipun basa kasar ingkang awujud frasa aran inggih punika ‘asem tenan’. Frasa punika gadhah frasa inti tembung ‘asem’ lan frasa atributif ‘tenan’. Frasa inti punika kalebet jinis tembung aran.

Frasa kaanan inggih punika frasa ingkang intinipun kalebet jinis tembung kaanan (Sasangka, 2001: 134). Tuladhanipun basa kasar ingkang awujud frasa kaanan inggih punika ‘goblok banget’. Frasa punika gadhah frasa inti tembung ‘goblok’ lan tembung ‘banget’ minangka atributif. Tembung ‘goblok’ wonten ing frasa punika kalebet jinis tembung kaanan.

3. Basa kasar awujud klausa

Miturut pamanggihipun Sasangka (2001: 136), klausa inggih punika rerangkening tembung ingkang saged ngudhar satunggaling gagasan utawi satunggaling bab. Sakbotenipun wonten ing pacelathon klausa punika kedah wonten wasesanipun, ananging wonten ing basa seratan klausa punika sakbotenipun dumadi saking jejer lan wasesa. Pamanggih sanesipun inggih punika dening Nurhayati lan Siti Mulyani (2006: 149-152), ingkang ngandharaken bilih klausa inggih punika kalompok tembung ingkang ngemot

satunggaling wasesa utawi wujud *linguistik* ingkang kadadosan saking jejer lan wasesa. *Klausa* punika dipunperang dados kalih, inggih punika klausa bebas lan klausa kaiket. Tuladha basa kasar ingkang awujud klausa inggih punika ‘cangkeme nylekop’. Saking tuladha punika, tembung ‘cangkeme’ minangka jejer, lan tembung ‘nylekop’ minangka wasesanipun.

E. Fungsi Basa Kasar

Panganggening basa punika dipundayani saking perkawis-perkawis ingkang nemtokaken tuturan. Miturut Hymes wonten ing Mulyana (2005:23), ngandharaken bilih perkawis ingkang ndayani tuturan punika saged dipunpirsani mawi *konsep* SPEAKING. *Setting and Scene* (S), ateges papan lan kahanan tuturan punika kaleksanan. *Participants* (P), ateges tiyang ingkang ndherek wonten tuturan punika gayut kaliyan yuswa utawi *latar sosial*. *Ends* (E), ateges asiling tuturan ingkang dipunkajengaken dening panutur. *Acts sequences* (A), wejangan utawi wosipun tuturan. *Key* (K), ateges cara, suwanten kangge ngawontenaken tuturan, kadasta; santai, akrab. *Instrumentalities* (I), ateges sarana tuturan, mawi lisan, seratan. *Norms* (N), ateges aturan ingkang matesi tuturan, kadasta alus, kasar. *Genres* (G), ateges jinis utawi wujud wacana, kadasta wacana koran, puisi.

Basa punika minangka sarana kangge ngandharaken punapa kemawon ingkang saweg dipunraos, ngandharaken pamanggihipun lan sarana kangge guneman kaliyan tiyang sanes adhedhasar perkawis ingkang ndayani

panganggening basa. Fungsi basa punika saged katingal saking pangangge basa, mitra tutur, *topik*, *kode* lan wosipun pawicantenan (Chaer lan Agustina, 2004: 15). Fungsi-fungsi basa punika ingkang dados pirembaran wonten ing *Sosiolinguistik*, “*who speak what language to whom, when and to what end*” kados ingkang dipunandharaken dening Fishman wonten ing Chaer lan Agustina (2004: 15).

Adhedhasar pangangge basa, basa punika saged dipunginakaken kangge ngandharaken raos *emotif* (Jakobson wonten ing Alwasilah 1985: 27). Raos *emotif* tegesipun pangraos punapa ingkang saweg dipunalami dening panutur, satemah mawi basa saged dipunmangertos raosipun pangangge basa. Raos *emotif* kadosta remen, duka, kuciwa, lan sanesipun. Pangangge basa boten namung ngungkapaken pangraos mawi basa, ananging ugi ngandharaken pangraos wekdal migunakaken basa.

Ngengingi basa kasar, miturut Padmosoekotjo (1953: 15), basa kasar punika basanipun tiyang ingkang saweg misuh. Tiyang ingkang gadhah pangraos boten remen utawi duka punika asringipun migunakaken basa kasar kangge ngandharaken pangraosipun. Tuladha fungsi panganggening basa kasar badhe dipunandharaken wonten ngandhap punika.

Setyaki: Ora-orane Setyaki mundur sajengkal, Warsasena **panuksmane iblis**, **ora ngerti tatanan** wani nglepaske gegaman saka sanjabaning paprangan **aja takon dosa mati** ana madyaning paprangan **muga diolor-olor gagak ususmu**. (kapethik saking Nurhayati, 2009: 100)

Panganggening basa kasar saged dipunpirsani saking frasa ‘panuksmaning iblis’, ‘aja takon dosa mati’, ‘ora ngerti tatanan’ lan ‘muga

diolor-olor gagak ususmu' (Nurhayati, 2009: 101). Nurhayati ngandharaken bilih frasa-frasa punika ngandharaken raos duka Setyaki amargi Gagak Bongkol ingkang pejah. Gagak Bongkol pejah amargi Warsasena nglanggar aturan perang. Setyaki wonten kahanan punika ngumpat, nyumpah, lan ngancam Warsasena supados sedanipun dadosaken lelara ingkang linuwih ngantos ususipun dipuntarik-tarik Gagak (Nurhayati: 2009: 101).

F. Nalaring Pikir

Basa kasar inggih punika basa ingkang boten limrah manawi dipunginakaken wonten ing pawicantenan amargi boten trep kaliyan tata krama. Basa kasar punika asring dipunginakaken wonten ing kahanan ingkang santai kangge ngandharaken raos emotif, asringipun dipunginakaken kangge misuh. Panganggening basa kasar punika saged dipunmangertos adhedhasar kahanan utawi konteks ingkang ndayani.

Wonten ing panaliten punika migunakaken ngelmu *sosiolinguistik* kangge ngrembag basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Panganggening basa kasar wonten ing pentas punika saged dipunmangertos fungsipun mawi ngelmu punika. Panaliten punika ugi ngrembag wujud lan jinis basa kasar. Wujud lan jinis punika saged dipunmangertos migunakaken ngelmu *morfologi*.

G. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh inggih punika panalitenipun Vina Inayatul Mauna tahun 2013 kanthi irah-irahan “Pisuhan Salebeting *Film Punk In Love*” Panaliten punika nliti wujud lan fungsi pisuhan ingkang dipunpanggihaken wonten ing *Film Punk In Love*. Panaliten punika kalebet panaliten *deskriptif* kualitatif. Wujud pisuhan ingkang dipunpanggihaken inggih punika awujud tembung lan klausa. Fungsi pisuhan ingkang dipunpanggihaken inggih punika 1) pisuhan minangka sarana kangge ngandharaken raos duka, 2) pisuhan minangka sarana kangge ngandharaken raos jengkel, 3) pisuhan minangka sarana kangge ngandharaken raos gumun, 4) pisuhan minangka sarana kangge ngandharaken raos getun, 5) pisuhan minangka sarana kangge ngandharaken raos ngina, 6) pisuhan minangka sarana kangge ngandharaken raos kuciwa, lan 7) pisuhan minangka sarana kangge ngandharaken rumaketing sesambetan.

Panaliten ingkang jumbuh sanesipun inggih punika panaliten kanthi irah-irahan “Kata-Kata Kasar dalam Bahasa Jawa” dening I Dewa Putu Wijana wonten ing tahun 2008. Panaliten punika katindakaken wonten ing Jurusan Sastra Indonesia Fakultas Ilmu Budaya Universitas Gadjah Mada. Asiling panaliten punika merang basa kasar dados tigang perkawis. Tigang perkawis punika gayut kaliyan kagiyatan ingkang biasa dipunsukani basa kasar, peranganing badan tartamtu ingkang biasa dipunsukani basa kasar, lan perkawis-perkawis ingkang *lazim* dipunginakaken kangge bandhingaken pencitraan tembung-tembung kasar.

Panaliten ingkang sampun dipunsebutaken wonten nginggil nyengkuyung panaliten kanthi irah-irahan “Basa Kasar Wonten Ing Pentas Laskar Dagelan”. Panaliten punika sami-sami ngrembag wujud lan fungsipun. Bedanipun wonten ing panaliten punika ngrembang jinis basa kasar ingkang kapanggihaken wonten ing pentas punika.

BAB III

CARA PANALITEN

A. *Desain Panaliten*

Panaliten kanthi irah-irahan “Basa Kasar Wonten Ing Pentas Laskar Dagelan” punika kalebet jinis panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih punika panaliten ingkang nggambaraken punapa wontenipun perkawis ingkang dipuntliti. Panaliten punika badhe ngandharaken babagan basa kasar ingkang dipunginakaken wonten ing pentas Laskar Dagelan. Basa kasar punika kalebet basa ingkang boten samesthinipun dipunginakaken wonten ing masarakat amargi boten trep kaliyan tata krama. Wonten ing panaliten punika panaliti badhe ngrembag wujud, jinis lan fungsi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.

B. *Data lan Sumber Data*

Data wonten ing panaliten punika kapanggihaken saking tuturan para paraga ingkang ngemu basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. *Data* punika awujud tembung, frase lan klausa basa kasar. *Sumber data* panaliten inggih punika saking video pentas Laskar Dagelan. Pentas punika sampun katindakaken wonten ing Graha Bhakti Budaya – TIM Jakarta surya kaping 29 – 30 Maret 2011. Ingkang dados *produser* wonten ing pentas Laskar Dagelan inggih punika Butet Kartaredjasa, ingkang dados *sutradara* inggih punika Djaduk Ferianto. Paraga wonten ing pentas Laskar Dagelan inggih punika: Marwoto (abdi dalem), Susilo Nugroho (sadean wonten pasar

klithikan), Yu Ningsih (Bakul gudheg), Soimah (lare estri), Gareng Rakasiwi (Punakawan, tukang mabuk), Joned (Punakawan, garwanipun lare estri), Wisben (Punakawan, tukang sulap), Dibyo Primus (mahasiswa), Hendro Plered (Intel, Superman), Hanung Bramantyo (*bintang tamu*), Hip-Hop Jawa.

Wonten ing pentas punika, paraganipun migunakaken basa Indonesia, basa Jawi dialek Yogyakarta lan wonten sakedhik pawicantenan ingkang dipunseseli basa ngamanca. Ingkang dados kawigatosan wonten ing pentas Laskar Dagelan inggih punika kathah dipunpanggihaken basa kasar.

C. Cara Ngempalaken *Data*

Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten punika kanthi cara nyemak lajeng dipuntindakaken kanthi nyathet wonten ing kartu data supados langkung gampang anggenipun milah-milah datanipun (Sudaryanto, 1988: 5). Panaliti nyemak video pentas Laskar Dagelan saha nggatosaken basa kasar ingkang dipuntuturaken dening paraga wonten ing pentas punika, satemah saged dipunpanggihaken basa kasar ingkang dipunkajengaken. Kanthi cara nyemak, panaliti ningali, mirengaken saha nggatosaken tuturan para paraga kangge manggihaken wujud lan jinis basa kasar. Basa kasar ingkang sampun dipunpanggihaken punika dipunjumbuhaken kaliyan teori ingkang dados dhasaripun. Kangge manggihaken fungsi basa kasar, panaliti nggayutaken konteks kaliyan basa kasar ingkang dipuntuturaken dening paraga, satemah saged dipunpundhut dudutanipun bab fungsi basa kasar. Menawi sedaya *data*

babagan basa kasar sampun dipunkempalaken salajengipun dipuncathet wonten ing kartu *data*.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten wonten ing panaliten punika inggih punika panaliti piyambak (*human instrument*). Kangge ngempalaken *data*, panaliti ugi ngginakaken piranti pambiyantu inggih punika kartu *data*. Kartu *data* punika dipunginakaken kangge nyerat sedaya data ingkang dipunpanggihaken nalika nyemak video Pentas Laskar Dagelan. Wonten ing kartu *data* punika, *data* ingkang sampun dipuncathet dipunandharaken mawi konteks panganggening basa kasar, wujudipun basa kasar, jinisipun basa kasar, saha fungsipun basa kasar. Fungsi kartu *data* wonten ing panaliten punika kangge nggampilaken panaliti anggenipun mundhut *data* wonten ing video Pentas Laskar Dagelan. Wujudipun kartu *data* ingkang dipunginakaken inggih punika.

No	58
Tuturan	Susilo : “Kowe isa meneng ora ta, Su! ”
Konteks	Wonten ing kahanan punika Soimah nangis kemawon. Tembung punika boten dipunginakaken kangge nyebut kewan, ananging dipunginakaken kangge gantosaken asmanipun Soimah.
Wujud	Awujud tembung wancah.
Jinis	Tembung aran.
Fungsi	Kangge ngandharaken raos duka.

E. Cara *Analisis Data*

Cara *analisis data* wonten ing panaliten punika jumbuh kaliyan jinising panaliten, inggih punika *analisis deskriptif*. Kanthi *analisis deskriptif* punika panaliti ngandharaken wujud, jinis lan fungsi basa kasar ingkang dipunpanggihaken wonten ing video pentas Laskar Dagelan. *Data* ingkang dipunpanggihaken nalika nyemak wujud, jinis saha fungsi basa kasar punika lajeng dipunserat wonten ing kartu *data*. Basa kasar ingkang sampun dipuncathet punika lajeng dipunkelompokaken miturut wujudipun, pundi ingkang kalebet tembung, frase lan klausa ingkang jumbuh kaliyan *teori* dhasaripun. Salajengipun data dipunolah malih dumugi dipunasilaken fungsining basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.

F. *Validitas lan Reliabilitas*

Validitas ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten punika migunakaken *validitas semantis*. *Validitas semantis* inggih punika cara ingkang dipunginakaken kangge negesi tuturan kanthi nggatosaken konteksipun. *Validitas semantis* dipunlampahi kangge negesi tuturan ingkang dipunpanggihaken wonten ing pentas Laskar Dagelan mliginipun basa kasar. Adhedhasar *validitas* punika satemah data ingkang dipunpanggihaken saged *valid*. Tuladhanipun badhe dipunandharaken wonten ngandhap punika.

Marwoto: “Kowe ki guru, mulang ya isih melu dhagelan barang **Nyuk!**

Nyuk!” (Data no. 31)

Tuladha wonten nginggil saged dipunpangguhaken basa kasar inggih punika tembung wancah ‘nyuk’. Tembung wancah ‘nyuk’ asalipun saking tembung lingga ‘munyuk’ ingkang gadhah teges satunggaling nama kewan. Wonten ing tuturan nginggil punika tembung wancah ‘nyuk’ sanes dipunginakaken kangge nyebut satunggaling kewan, ananging dipunginakaken kangge nyebut mitra tuturipun Marwoto. Adhedhasar konteks punika tembung ‘nyuk’ kalebet basa ingkang kasar. Makna ingkang dipuntegesi saking tuturan nginggil mawi konteksipun punika tuladha saking cak-cakanipun *validitas semantis*.

Reliabilitas wonten ing panaliten punika dipunginakaken kangge ngukur *data* kanthi makaping-kaping, ananging tetep nyukani asil ingkang sami (Anggoro, dkk. 2007:5.31). Wonten ing panaliten punika panaliti ngginakaken *reliabilitas stabilitas*. Panaliti anggenipun ningali *video* Laskar Dagelan punika dipunambali kanthi makaping-kaping. *Data* ingkang sampun dipunpangguhaken lajeng dipunrembag miturut wosing panaliten.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Perangan punika ngemot asiling panaliten babagan wujud, jinis saha fungsi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Wujud basa kasar ingkang sampun dipunpanggihaken dening panaliti salajengipun dipunpadosi jinis lan fungsi. Fungsi basa kasar kapanggihaken adhedhasar konteksipun satemah saged dipunpanggihaken fungsi basa kasar ingkang dipunkajengaken. Data ingkang ngemot babagan wujud, jinis saha fungsi basa kasar asiling panaliten punika lajeng dipunkalompokaken salebeting tabel supados langkung gampil anggenipun nganalisis.

Data asiling panaliten ingkang sampun dipunpanggihaken punika lajeng dipunlebetaken wonten ing *tabel analisis*. *Tabel analisis* punika ngemot wujud, jinis, fungsi saha indikator minangka asil panalitenipun. Asiling panaliten dipunandharaken wonten ing tabel ngandhap punika.

Tabel 1.0 Wujud, Jinis, Fungsi saha Indikator Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
1	Tembung lingga	Tembung kriya	Ngandharaken raos duka	<ul style="list-style-type: none">• Soimah: “Heh! Heh! Minggat! Minggat! Minggat ora!”• Tembung ‘minggat’ dereng ewah saking lingganipun.• Saged sinambung kaliyan tembung ‘ora’ dados ‘ora minggat’.• Soimah kaliyan Hanung saweg ngrembag bab

Tabel salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
				ingkang wigati, ananging para paraga tari sami mirsani.
		Tembung aran	Ngandharaken raos duka	<ul style="list-style-type: none"> • Soimah: “Ooh, nantang tenan kowe! • Tembung ‘kowe’ dereng ewah saking lingganipun. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu kowe’. • Soimah saweg ngendika dhateng garwanipun amargi garwanipun punika boten tanggel jawab lan nyebut bilih Soimah katarak.
			Kangge ngina	<ul style="list-style-type: none"> • Wisben: “Asline ketok banci nek bengi.” • Tembung ‘banci’ dereng ewah saking lingganipun. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu banci’. • Gareng mlayu-mlayu amargi mireng suwara mbledhos, anggenipun mlayu dipundamel-damel.
			Ngandharaken raos kuciwa	<ul style="list-style-type: none"> • Soimah: “Kowe ki mbok ya ngewangi aku ngono lho! Aja mbebedu terus ngono kuwi!” • Tembung ‘kowe’ dereng ewah saking lingganipun. • Soimah kuciwa dhateng Pak Gedhenipun inggih punika Susilo. Soimah saweg nangis ananging Susilo ngendika ingkang dadosaken raosipun Soimah boten remen.

Tabel salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
		Tembung kaanan	Kangge ngina	<ul style="list-style-type: none"> • Marwoto: “Heh! Heh! Heh! <i>Blokingnya agak maju dikit</i>, kowe Sutradara ya goblog tak rasake!” • Tembung ‘goblog’ dereng ewah saking lingganipun. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ dados ‘goblog banget’. • Marwoto ngina Hanung amargi boten mudheng kaliyan tata cara manggen wonten ing panggung.
			Kangge nyindhir	<ul style="list-style-type: none"> • Marwoto : “...kowe barang ki <i>termasuk cluthak!</i>” • Tembung ‘cluthak’ dereng ewah saking lingganipun. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ dados ‘cluthak banget’. • Marwoto nyindhir Susilo ingkang pakaryanipun dados guru ananging taksih ndherek dhagelan.
			Ngandharaken raos gumun	<ul style="list-style-type: none"> • Yu Ningsih: “Kowe ki kenthir!” • Tembung ‘kenthir’ dereng ewah saking lingganipun. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ dados ‘kenthir banget’. • Yu Ningsih gumun dhateng tumindakipun Soimah ingkang pados sukunipun.
2	Tembung andhahan	Tembung aran	Kangge ngledhek	<ul style="list-style-type: none"> • Wisben: “Isa muni e endhase.” • Tembung lingga ‘endhas’ pikantuk panambang ‘-e’.

Tabel Salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu endhas’. • Wisben ngledhek Gareng ingkang dipunkeplak dening Soimah, sajatosipun ingkang moni punika tutukipun Gareng.
			Kangge nyindhir	<ul style="list-style-type: none"> • Gareng: “Asune ki kowe apa kono?” • Saking tembung lingga ‘asu’ pikantuk panambang –e. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu asu’. • Gareng nyindhir Wisben ingkang sampun maragakaken maksudipun suwaraning asu ingkang leres.
			Ngandharaken raos duka	<ul style="list-style-type: none"> • Yu Ningsih: “Conthongmu kuwi lho!” • Tembung lingga ‘conthong’ pikantuk panambang ‘-mu’. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu conthongmu’. • Yu Ningsih duka dhateng Susilo amargi ngendika kemawon.
			Ngandharaken raos jengkel	<ul style="list-style-type: none"> • Yu Ningsih: “Heh! Mengko palah warungku ora payu tok adhepi bokongmu kuwi!” • Tembung lingga ‘bokong’ pikantuk panambang ‘-mu’.

Tabel salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Tembung punika saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu bokong’. • Marwoto wonten ing ngajeng wändenipun Yu Ningsih mirsani pocongipun.
			Kangge ngandharaken raos kuciwa	<ul style="list-style-type: none"> • Gareng: “Piye ta iki, dhagelan cangkeme dha!” • Tembung lingga ‘cangkem’ pikantuk panambang ‘-e’. • Tembung punika saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu cangkeme’. • Para paraga dhagelan sami gegojegan migunakaken basa kasar.
			Ngandharaken raos gumun	<ul style="list-style-type: none"> • Wisben: “<i>Kamu itu</i> mbok cangkeme apik lho.” • Saking tembung lingga ‘cangkem’ pikantuk panambang –e. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu cangkem’. • Wisben gumun dhateng suwantenipun Gareng ingkang sae anggenipun nyekar.
			Ngandharaken rumaketing sesambetan	<ul style="list-style-type: none"> • Gareng: “Bajingane dha teka meneh iki!” • Saking tembung lingga ‘bajingan’ pikantuk panambang –e.

Tabel Salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu bajingan’. • Gareng nyebut kanca-kancanipun bajingan, punika minangka tetenger ing rumaketing sesambetan.
			Kangge guyon	<ul style="list-style-type: none"> • Gareng : “Dyeess kringkel, langsung hai matane, matane.” • Tembung lingga ‘mata’ pikantuk panambang ‘-e’. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu mata’. • Gareng ngandharaken tiyang ngamanca ingkang katabrak becak wonten ing Malioboro.
		Tembung kriya	Ngandharaken raos jengkel	<ul style="list-style-type: none"> • Yu Ningsih: “<i>Mau</i> diemut, <i>mau dibrakoti</i> ya karepmu! <i>Ini kepala</i> ayam kiye lho pak!” • Saking tembung lingga ‘brakot’ pikantuk ater-ater di- lan panambang -i. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘anggone’ dados ‘anggone brakot’. • Yu ningsih jengkel dhateng Marwoto ingkang badhe ngemut sirah piyambakipun.
			Kangge ngancem	<ul style="list-style-type: none"> • Soimah: “Takkeplak sirahmu sisan mengko palahan!”

Tabel salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga ‘keplak’ pikantuk ater-ater ‘tak-’. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘anggone’ dados ‘anggone keplak’. • Soimah ngancem Gareng amargi Gareng punika ngajari perkawis ingkang boten sae dhateng garwanipun Soimah.
3	Tembung rangkep	Tembung aran	Kangge guyon	<ul style="list-style-type: none"> • Wisben : “Saendhas-endhasmu.” • Saking tembung lingga ‘ndhas’ dipunrangkep. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu endhas’. • Wisben nyebutaken agengipun salak kados sirahipun Joned.
4	Tembung wancah	Tembung aran	Kangge nyindhir	<ul style="list-style-type: none"> • Marwoto: “Ha kowe ki guru, mulang ya isih melu dhagelan barang, Nyuk! Nyuk!” • Saking tembung lingga ‘munyuk’. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu munyuk’. • Marwoto nyindhir Susilo ingkang pakaryanipun dados guru ananging taksih ndherek dhagelan.
			Ngandharaken raos duka	<ul style="list-style-type: none"> • Susilo : “Kowe isa meneng ora ta, Su!” • Saking tembung lingga ‘asu’. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu asu’.

Tabel salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
			Ngandharaken raos jengkel	<ul style="list-style-type: none"> • Susilo duka dhateng soimah amargi nangis kemawon. • Marwoto : “Uwis – uwis, <i>kamu enak aja tinggal off on – off on</i>. Le ngapalke nganti uwanen, Nyuk!” • Saking tembung lingga ‘munyuk’. • Saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu munyuk’. • Marwoto jengkel amargi gadhah pangraos boten adhil.
5	Frasa	Frasa aran	Ngandharaken raos jengkel	<ul style="list-style-type: none"> • Ma: “Baleni – baleni matamu kuwi!” • Frasa intinipun ‘matamu’ lan atributifipun ‘kuwi’. • Frasa inti saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu matamu’. • Marwoto jengkel dhateng Susilo amargi anggenipun nyekar nyuwun dipunambali malih, ananging Marwoto boten purun amargi nyekaripun kathah.
			Ngandharaken raos kuciwa	<ul style="list-style-type: none"> • Marwoto: “Nyambut gawe ra terarah blas. Asem iki!” • Frasa intinipun ‘asem’, lan atributifipun ‘iki’. • Frasa inti saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu asem’. • Marwoto kuciwa amargi pedamelan boten kados ingkang dipunkajengaken.

Tabel salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
			Ngandharaken raos gumun	<ul style="list-style-type: none"> • Wisben: “Cangkeme ki!” • Frasa intinipun ‘cangkeme’, lan atributifipun ‘ki’. • Frasa inti saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu cangkem’. • Wisben gumun dhateng suwantenipun Gareng ingkang sae anggenipun nyekar.
			Ngandharaken rumaketing sesambetan	<ul style="list-style-type: none"> • Susilo : “Aku saploke awor wong goblog ketularan e aku.” • Frasa intinipun ‘wong’, lan ‘goblog’ atributifipun. • Frasa inti saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu wong’. • Susilo mangsuli sindhiranipun Marwoto kanthi nyebut marwoto ‘wong goblog’, punika tanda rumaketing kekancan.
		Frasa kaanan	Kangge nyindhir	<ul style="list-style-type: none"> • Marwoto : “Ora ming iki nek melu dinyangi, sing cluthak ora dheke!” • Tembung ‘cluthak’ minangka inti, lan ‘sing’ minangka atributif. • Frasa inti saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ dados ‘cluthak banget’. • Marwoto nyindhir Susilo ingkang pakaryanipun dados guru ananging taksih ndherek dhagelan.

Tabel salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
			Kangge ngandharaken raos duka	<ul style="list-style-type: none"> • Marwoto: “Bajinguk ki! Lagi rong sasi neng Jakarta, eh <i>guwe kagak bise, sudah</i> tigang dina <i>di</i> Jakarta <i>minumnya teh</i> gendul.” • Frasa inti ‘bajinguk’, atributif ‘ki’. • Frasa inti saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’, dados ‘bajinguk banget’. • Wangsulipun Hanung boten kados ingkang dipunkajengaken dening Marwoto. Marwoto anggenipun taken migunakaken basa Jawa krama, ananging Hanung ngendika bilih boten sagedmicara basa Jawa.
			Kangge ngina	<ul style="list-style-type: none"> • Marwoto: “<i>Lihat TV baca</i> Koran ora ketok TVne ketutupan korane, oh pekok ki yoan!” • Frasa intipun ‘pekok’, lan atributifipun ‘ki’. • Frasa inti saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ dados ‘pekok banget’. • Marwoto ngina Wisben amargi boten mudheng kaliyan ingkang dipunwicaraken Marwoto.
4	Klausa		Kangge ngledhek	<ul style="list-style-type: none"> • Wisben: “Endhase muni, apik tenan.” • Tembung ‘endhase’ minangka jejer, lan ‘muni’ minangka wasesa. • Wisben ngledhek Gareng ingkang sirahipun muni

Tabel salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
				amargi dipunkeplak dening Soimah, ananging sajatosipun ingkang muni punika tutukipun Gareng.
			Kangge nyindhir	<ul style="list-style-type: none"> • Gareng: “Nek mati kowe sik, tuwa dhewe kowe kok!” • Frasa ‘nek mati’ minangka wasesa, frasa ‘kowe sik’ minangka lesan. • Gareng mangsuli pangandikanipun Yu Ningsih ingkang ugi ngendika ‘mati kowe’. Yu Ninngsih punika yuswanipun langkung sepuh tinimbang Gareng.
			Kangge ngancem	<ul style="list-style-type: none"> • Soimah: “Macem-macem, ora minggat saka kene isa mati kowe!” • Tembung ‘mati’ minangka wasesa, lan tembung ‘kowe’ minangka lesan. • Soimah ngancem dhateng Joned amargi boten tanggel jawab dhateng piyambakipun lan ngendika manawi Soimah katarak.
			Ngandharaken raos jengkel	<ul style="list-style-type: none"> • Marwoto: “<i>Hafal</i> lah ming jogja jogja, hambok cangkemmu suwek tekan piringan ya apal!” • Tembung ‘cangkemmu’ minangka jejer, tembung ‘suwek’ minangka wasesanipun. • Marwoto jengkel dhateng Susilo amargi nyekaripun namung sakedhik boten

Tabel salajengipun

No	Wujud	Jinis	Fungsi	Indikator
1	2	3	4	5
				kados piyambakipun.
			Kangge ngina	<ul style="list-style-type: none"> • Gareng: “Eh! Asune njegog! Eh!” • Tembung ‘asune’ minangka jejer, tembung ‘njegog’ minangka wasesa. • Tetenger rumaketing sesambetan amargi Gareng ngendika makaten boten adhedhasar pangraos duka lan sanesipun.
			Kangge nyumpahi	<ul style="list-style-type: none"> • Yu Ningsih : Tak omongi reng, <i>siapa saja yang menyinggung-nyinggung nama keraton Jogja, apa lagi kamu mengatakan miring</i>, ooh mengko rong dina neh mati kowe, tenan! • Tembung ‘kowe’ minangka lesan, lan tembung ‘mati’ minangka wasesa. • Gareng ngendika bilih kraton Jogja miring, ananging miturut Yu Ningsih, Wisben lan Joned kraton Jogja boten miring.

Adhedhasar tabel asiling panaliten wonten nginggil dipunpanggihaken basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan ingkang awujud tembung, awujud frasa, lan awujud klausa. Basa kasar awujud tembung saged dipunpanggihaken ingkang awujud tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, lan awujud tembung wancah. Kajawi punika ugi

kapanggihaken basa kasar kanthi jinis tembung kriya, tembung aran lan tembung kaanan.

Saking tabel nginggil ugi kapanggihaken fungsi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Fungsi basa kasar punika antawisipun sarana kangge ngledhek, nyindhir, ngandharaken raos duka, ngandharaken raos jengkel, ngandharaken raos kuciwa, ngandharaken raos gumun, ngandharaken raos ngina, kangge tetenger rumaketing sesambetan, kangge guyon, kangge ngancem, lan ingkang pungkasan inggih punika basa kasar kangge nyumpahi. Andharan saking asiling panaliten wonten ing tabel nginggil punika badhe dipunandharaken wonten ing bab pirembagan ngandhap punika.

B. Pirembagan

Asiling panaliten ingkang sampun dipunsebutaken wonten nginggil badhe dipunrembag wonten ing bab punika.

1. Basa kasar awujud tembung lingga

Pirembagan wonten ing bab punika badhe dipunandharaken basa kasar awujud tembung lingga wonten ing pentas Laskar Dagelan. Tembung lingga inggih punika tembung ingkang dereng ewah. Saking wujud basa kasar punika lajeng dipunpados fungsi panganggening basa kasar adhedhasar kahanan utawi konteks wonten ing pentas Laskar Dagelan.

a. Basa kasar awujud tembung lingga kriya kangge ngandharaken raos duka.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga kriya ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken

raos duka. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Soimah saweg micara kaliyan Hanung, ananging para paraga tari punika sami mirsani Soimah kaliyan Hanung.

Soimah : “Heh! Heh! **Minggat! Minggat! Minggat** ora!” (Data no. 72)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga inggih punika tembung ‘minggat’. Tembung ‘minggat’ kalebet wujud tembung lingga amargi dereng ewah saking lingganipun lan dereng pikantuk wuwuhan punapa-punapa. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung kriya amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘ora’ utawi ‘anggone’ dados ‘ora minggat’ utawi ‘anggone minggat’.

Tembung ‘minggat’ punika gadhah teges tiyang ingkang kesah ananging boten pamit dhateng tiyang sanesipun. Wonten ing pentas kasebut tembung ‘minggat’ kalebet basa kasar amargi boten saestu dipunginakaken kangge nyebutaken tiyang ingkang kesah tanpa pamit, ananging dipunginakaken kangge para paraga tari supados tindak lan boten ningali Soimah.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Soimah wonten ing kahanan punika duka amargi wekdal Soimah saweg kaliyan Hanung dipuntingali dening para *penari*. Wonten ing kahanan punika Soimah migunakaken suwara ingkang inggil. Tumindakipun para *penari* punika

dadosaken raos Soimah duka kanthi dhawuh supados para paraga tari tindak kanthi nyebut ‘minggat’.

b. Basa kasar awujud tembung lingga aran kangge ngandharaken raos duka.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Soimah saweg ngendika dhateng garwanipun amargi garwanipun punika nganggep remeh piyambakipun kanthi nyebut bilih Soimah katarak.

Soimah: “Ooh, nantang tenan **kowe!** (Data no. 75)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga inggih punika tembung ‘kowe’. Tembung ‘kowe’ kalebet wujud tembung lingga amargi dereng ewah saking lingganipun lan dereng pikantuk wuwuhan punapa-punapa. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu kowe’.

Tembung ‘kowe’ wonten ing pentas punika kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge nyebut garwanipun. Tiyang estri dhateng garwa kedahipun ngormati. Tembung punika kalebet basa ngoko ingkang langkung jumbuh manawi dipunginakaken kangge kanca sapantaran.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Soimah duka dhateng garwanipun amargi garwanipun punika boten tanggel jawab

sarta ngendika bilih Soimah punika katarak. Amargi tumindak garwanipun punika lajeng Soimah duka kanthi migunakaken basa ngoko, lan migunakaken suwanten ingkang inggil.

c. Basa kasar awujud tembung lingga aran kangge ngina.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga aran ingkang dipunginakaken kangge ngina. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Gareng mlayu-mlayu amargi mireng suwara mbledhos, anggenipun mlayu dipndamel-damel.

Wisben : “Asline ketok **banci** nek bengi.” (Data no. 4)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga inggih punika tembung ‘banci’. Tembung ‘banci’ kalebet wujud tembung lingga amargi dereng ewah saking lingganipun lan dereng pikantuk wuwuhan punapa-punapa. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu banci’.

Tembung ‘banci’ wonten ing masarakat punika dipunginakaken kangge nyebutaken tiyang ingkang gadhah kapribaden ingkang beda kaliyan tiyang samesthinipun, inggih punika tiyang jaler ingkang tumindakipun kados tiyang estri. Wonten ing pentas punika tembung ‘banci’ boten saestu dipunginakaken kangge nyebut tiyang ingkang gadhah kapribaden ingkang beda, ananging dipunginakaken kangge nyebut mitra tuturipun Wisben.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Wonten ing kahanan punika para paraga dhagelan mireng wonten suwara kados *travo* ingkang bledhos. Gareng ugi mireng suwara punika, lajeng mlayu-mlayu wonten panggung panglipur punika. Wisben ingkang mirsani anggenipun Gareng mlayu lajeng nyebut bilih Gareng punika kados ‘banci’. Wisben ngina Gareng amargi cara anggenipun mlayu punika boten kados tiyang jaler.

d. Basa kasar awujud tembung lingga aran kangge ngandharaken raos kuciwa.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Soimah kuciwa dhateng Pak Gedhenipun inggih punika Susilo. Soimah saweg nangis ananging Susilo ngendika ingkang dadosaken raosipun Soimah boten remen.

Soimah : “**Kowe** ki mbok ya ngewangi aku ngono lho! Aja mbebendu terus ngono kuwi!” (Data no. 76)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga inggih punika tembung ‘kowe’. Tembung ‘kowe’ kalebet wujud tembung lingga amargi dereng ewah saking lingganipun lan dereng pikantuk wuwuhan punapa-punapa. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu kowe’.

Tembung ‘kowe’ wonten ing pentas punika kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge nyebut tiyang ingkang langkung sepuh inggih punika Pak Gedhenipun. Tiyang manawi guneman kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh kedahipun migunakaken basa krama, supados langkung ngormati. Tembung punika kalebet basa ngoko ingkang langkung jumbuh manawi dipunginakaken kangge kanca sapantaran.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Soimah kuciwa dhateng Susilo minangka Pak Gedhenipun. Soimah wonten ing kahanan punika saweg nangis, ananging Susilo boten nglipur Soimah. Pangandikanipun Susilo ugi damel raosipun Soimah boten remen. Amargi tumindakipun Susilo punika lajeng Soimah kuciwa satemah migunakaken basa ngoko kanthi nyebut ‘kowe’ dhateng Susilo.

e. Basa kasar awujud tembung lingga kaanan kangge ngina.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga kaanan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken ngina. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Hanung dereng leres anggenipun jumeneng wonten ing panggung. Marwoto lajeng paring pitutur supados leres anggenipun jumeneng, ananging kanthi ngina.

Marwoto : “Heh! Heh! Heh! *Blokingnya agak maju dikit*, kowe Sutradara ya **goblog** tak rasake!” (Data no. 32)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga inggih punika tembung ‘goblog’. Tembung ‘goblog’ kalebet wujud tembung lingga amargi dereng ewah saking lingganipun lan dereng pikantuk wuwuhan punapa-punapa. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung kaanan amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ utawi ‘luwih’ dados ‘goblog banget’ utawi ‘luwih goblog’.

Tembung ‘goblog’ punika gadhah teges kananipun tiyang ingkang boten pinter. Tembung punika kalebet basa kasar amargi wonten ing pentas punika dipunginakaken kangge nyebutaken mitra tuturipun Marwoto ingkang sajatosipun boten ‘goblog’. Marwoto kaliyan mitra tuturipun wonten pentas punika ugi dipuncariyosaken nembe tepang.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngina. Marwoto ngina Hanung ingkang boten mudheng kaliyan tata cara manggen wonten ing panggung, satemah Marwoto nyebut bilih Hanung punika ‘goblog’. Marwoto anggenipun ngendika tembung punika migunakaken suwanten ingkang inggil. Kanthi tembung ‘goblog’ punika Marwoto ngandhapkan utawi ngina tumindakipun Hanung.

f. Basa kasar awujud tembung lingga kaanan kangge nyindhir.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga kaanan ingkang panganggenipun dipunginakaken kangge nyindhir. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Saderengipun Marwoto ngendika kados makaten, Susilo nyindhira Hanung, satemah Marwoto micara dhateng Susilo ngengingi sindhiranipun Susilo punika.

Marwoto : "... kowe barang ki *termasuk* **cluthak!**" (Data no. 30)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga inggih punika tembung 'cluthak'. Tembung 'cluthak' kalebet wujud tembung lingga amargi dereng ewah saking lingganipun lan dereng pikantuk wuwuhan punapa-punapa. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung kaanan amargi saged sinambung kaliyan tembung 'banget' utawi 'luwih' dados 'cluthak banget' utawi 'luwih cluthak'.

Tembung 'cluthak' gadhah teges satunggaling tumindakipun kewan mliginipun segawon. Wonten ing pentas punika, tembung 'cluthak' kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge nyebut tumindakipun mitra tuturipun Marwoto.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge nyindhira. Marwoto nyindhira Susilo ingkang taksih ndherek dhagelan sanajan piyambakipun sampun dados Guru kanthi migunakaken tembung 'cluthak' punika. Marwoto anggenipun ngendika 'cluthak' migunakaken suwanten ingkang inggil.

g. Basa kasar awujud tembung lingga kaanan kangge ngandharaken raos gumun.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga kaanan ingkang dipunginakaken kangge

ngandharaken raos gumun. Basa kasar ingkang kapanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Yu Ningsih ngendika dhateng Soimah amargi tumindakipun ingkang boten limrah. Wonten ing kahanan punika Soimah pados sukunipun.

Yu Ningsih : “Kowe ki **kenthir!**” (Data no. 57)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung lingga inggih punika tembung ‘kenthir’. Tembung ‘kenthir’ kalebet wujud tembung lingga amargi dereng ewah saking lingganipun lan dereng pikantuk wuwuhan punapa-punapa. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung kaanan amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ utawi ‘luwih’ dados ‘kenthir banget’ utawi ‘luwih kenthir’.

Tembung ‘kenthir’ gadhah teges kaananipun tiyang ingkang tumindakipun ala lan ingkang sapari polahipun sarwa kebeneran. Wonten ing pentas punika tembung ‘kenthir’ kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge nyebutaken mitra tuturipun Yu Ningsih amargi tumindakipun ingkang boten limrah, ananging sajatosipun mitra tuturipun Yu Ningsih punika saestu boten ‘kenthir’.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Yu Ningsih gumun dhateng tumindakipun Soimah ingkang boten samesthinipun. Soimah wonten ing kahanan punika pados sukunipun, satemah Yu Ningsih gumun dhateng tumindakipun Soimah ingkang boten kados tiyang umumipun kanthi nyebut bilih Soimah punika ‘kenthir’. Yu Ningsih nalika ngendika

tembung punika migunakaken suwanten ingkang inggil. Pangraos gumunipun Yu Ningsih dhateng Soimah ugi katitik saking pethikan punika; “Yu Ningsih: *wong kaki termasuk anggota badan.*”

2. Basa kasar awujud tembung andhahan

Pirembagan wonten ing bab punika badhe dipunandharaken basa kasar awujud tembung andhahan wonten ing pentas Laskar Dagelan. Tembung andhahan punika tembung lingga ingkang sampun dipunsukani wuwuhan. Saking asiling panaliten punika dipunpanggihaken basa kasar ingkang pikantuk wuwuhan panambang, lan pikantuk ater-ater lan panambang (*konfiks*). Wujud basa kasar ingkang kapanggihaken punika lajeng dipunrembag mawi konteks lan kahanan tuturan supados saged dipunpados fungsi panganggening basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Pirembaganipun badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap punika.

a. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran kangge ngledhek.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngledhek. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks: Sirahipun Gareng dipunkeplak dening Soimah ingkang saweg duka.

Wisben : “Isa muni e **endhase.**” (Data no. 45)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika tembung ‘endhase’. Tembung ‘endhase’ kalebet wujud tembung andhahan amargi tembung punika gadhah

tembung lingga ‘endhas’ ingkang pikantuk panambang ‘-e’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu endhas’.

Tembung ‘endhas’ kalebet basa ngoko ingkang gadhah teges peranganing badan ingkang wonten inggil. Wonten ing pentas punika panganggening tembung ‘endhas’ kalebet basa kasar amargi boten saestu dipunginakaken kangge nyebutaken peranganing badan, ananging tembung punika dipunginakaken kangge nyebutaken tumindakipun Gareng.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngledhek. Wisben ngledhek dhateng Gareng ingkang sirahipun dipunkeplak dening Soimah ngantos medal suwantenipun. Sajatosipun ingkang medal suwantenipun punika tutukipun, sanes sirahipun Gareng. Adhedhasar punika Wisben ngledhek Gareng amargi saderengipun dipunkeplak Gareng ngendika bilih dereng nate mireng sirah saged bengok.

b. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran kangge nyindhir.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran ingkang dipunginakaken kangge nyindhir. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Sakderengipun ngendika makaten, Gareng ngendika bilih asunipun Wisben saged njegog ‘stop’. Wisben boten sarujuk lajeng maragakaken ingkang leres.

Gareng : “**Asune** ki kowe apa kono?” (Data no. 41)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika tembung ‘asune’. Tembung ‘asune’ kalebet wujud tembung andhahan amargi tembung punika gadhah tembung lingga ‘asu’ ingkang pikantuk panambang ‘-e’ sanes ‘-ne’. Panambang ‘-e’ punika dipunbiyantu kaliyan konsonan ‘n’ amargi tembung lingga ‘asu’ dipunpungkasi kaliyan vokal, satemah dados tembung ‘asune’ sanes ‘asue’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu asu’.

Wonten ing masarakat tembung ‘asu’ dipunginakaken kangge nyebutaken satunggaling jinis kewan ingkang gadhah najis miturut agama tartamtu. Panganggening tembung ‘asune’ kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge bandhingaken tiyang kaliyan satunggaling kewan.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge nyindhir. Gareng nyindhir dhateng Wisben kanthi bandhingaken Wisben kaliyan ‘asu’. Gareng nyindhir amargi Wisben boten sarujuk kaliyan punapa ingkang Gareng pirsani piyambak. Anggenipun boten sarujuk, Wisben kanthi maragakaken kados ‘asu’ ingkang dipunpirsani Gareng. Adhedhasar kahanan punika Gareng nyindhir tumindakipun Wisben kanthi nyebut ‘asune’.

- c. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran kangge ngandharaken raos duka.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Yu Ningsih saweg taken dhateng Soimah kenging punapa piyambakipun nangis. Wonten ing kahanan punika Susilo ugi taken dhateng Soimah, ananging tetembunganipun damel manahipun Yu Ningsih duka.

Yu Ningsih : “**Conthongmu** kuwi lho!” (Data no. 56)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika ‘conthongmu’. Basa kasar awujud tembung andhahan punika kadamel saking tembung lingga ‘conthong’ ingkang pikantuk panambang ‘-mu’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu conthong’.

Panganggening tembung ‘conthongmu’ punika kalebet basa kasar amargi wonten ing masarakat tembung ‘conthong’ punika dipunginakaken kangge nyebutaken satunggaling perkawis ingkang dipunginakaken kangge wadhah kacang. Wonten ing pentas Laskar Dagelan punika tembung ‘conthongmu’ dipunginakaken kangge nggantosaken nama peranganing badan ingkang dipunginakaken kangge micara. Yu Ningsih punika minangka

rayinipun Susilo, dados boten sae bilih nyebut tutukipun Susilo mawi tembung ‘conthong’.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Wonten ing kahanan punika Soimah saweg nangis, lajeng Yu Ningsih minangka tiyang sepuhipun paring pitakenan dhateng Soimah nangisipun kenging punapa. Susilo ingkang wonten mriku ugi paring pitakenan dhateng Soimah, ananging tetembungan ingkang dipunginakaken punika damel manahipun Yu Ningsih duka, satemah Yu Ningsih nyebut tutukipun Susilo mawi namaning benda inggih punika ‘conthong’. Yu Ningsih nalika migunakaken tembung punika mawi suwanten ingkang inggil.

d. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran kangge ngandharaken raos jengkel.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Marwoto wonten ngajeng wandenipun Yu Ningsih mirsani pocongipun. Marwoto wonten kahanan punika minangka Kepala Desa.

Yu Ningsih : “Heh! Mengko palah warungku ora payu tok adhepi **bokongmu** kuwi!” (Data no. 79)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika ‘bokongmu’. Basa kasar

awujud tembung andhahan punika kadamel saking tembung lingga ‘bokong’ pikantuk panambang ‘-mu. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu bokongmu’.

Tembung ‘bokong’ punika kalebet basa ngoko ingkang dipunginakaken kangge nyebut satunggaling peranganing badan tiyang. Wonten ing pentas punika tembung ‘bokongmu’ kalebet basa kasar amargi dipunginakaken dhateng tiyang ingkang langkung sepuh. Mitra tuturipun Yu Ningsih punika ugi minangka Kepala Desa ingkang kedahipun langkung dipunormati.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Wonten ing kahanan punika Yu Ningsih minangka bakul gudheg saweg sadayan wonten wardenipun. Marwoto wonten ngajeng wardenipun Yu Ningsih saweg Guneman kaliyan Susilo lan Hanung. Marwoto ingkang saweg gunmen kasebut lajeng bikak clananipun ngantos katingal pocongipun. Yu Ningsih ingkang mirsani kadadosan punika lajeng nyebut tembung ‘bokong’ migunakaken suwanten ingkang inggil.

e. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran kangge ngandharaken raos kuciwa.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Para paraga saweg gegojegan migunakaken basa kasar.

Gareng : “Piye ta iki, dhagelan **cangkeme** dha!” (Data no. 67)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika ‘cangkeme’. Basa kasar awujud tembung andhahan punika kadamel saking tembung lingga ‘cangkem’ pikantuk panambang ‘-e’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu cangkeme’.

Tembung ‘cangkem’ kalebet basa ngoko ingkang gadhah teges peranganing badan ingkang dipunginakaken kangge ngendika lan sanesipun. Wonten ing pentas punika, tembung ‘cangkem’ kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge para paraga dhagelan ingkang saweg gegojegan. Para paraga dhagelan punika wonten ingkang yuswanipun langkung sepuh, lan ingkang minangka Kepala Desa. Panganggening tembung punika boten trep kaliyan tata krama bilih dipunginakaken.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Wonten ing kahanan punika para paraga dhagelan sami gegojagen bab basa kasar. Gareng ingkang mireng babagan punika lajeng nyebut peranganing badan tiyang punika ingkang dipunginakaken kangge guneman.

- f. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran kangge ngandharaken raos gumun.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Gareng anggenipun nyekar satunggaling tembang suwantenipun sae sanget. Wisben ingkang mirengaken Gareng anggenipun nyekar lajeng gadhah pangraos gumun.

Wisben : “*Kamu itu* mbok **cangkeme** apik lho.” (Data no. 39)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika tembung ‘cangkeme’. Tembung ‘cangkeme’ kalebet wujud tembung andhahan amargi tembung punika gadhah tembung lingga ‘cangkem’ ingkang pikantuk panambang ‘-e’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu cangkem’.

Tembung ‘cangkem’ kalebet basa ngoko ingkang gadhah teges peranganing badan ingkang dipunginakaken kangge guneman. Wonten ing pentas punika tembung ‘cangkem’ kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge nyebut suwanten mitra tuturipun Wisben ingkang sae anggenipun nyekar.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Wisben gumun dhateng suwantenipun Gareng ingkang sae anggenipun nyekar. Kanthi

gumun punika Gareng kanthi nyebut peranganing badan ingkang dipunginakaken kangge ngendika utawi kangge nyekar mawi tembung ‘cangkeme’. Sajatosipun ingkang sae punika suwantenipun Gareng, sanes tutukipun.

g. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran kangge ngandharaken rumaketing sesambetan.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken rumaketing sesambetan. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Wisben kaliyan Joned minggah dhateng panggung.

Gareng : “**Bajingane** dha teka meneh iki.” (Data no. 36)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika tembung ‘bajingane’. Tembung ‘bajingane’ kalebet wujud tembung andhahan amargi tembung punika gadhah tembung lingga ‘bajingan’ ingkang pikantuk panambang ‘-e’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu bajingan’.

Wonten ing masarakat tembung ‘bajingan’ punika kalebet basa ingkang boten sae amargi dipunginakaken kangge nyebut tiyang ingkang tumindakipun ala. Panganggening tembung ‘bajingane’ wonten ing pentas Laskar Dagelan kalebet basa kasar amargi dipuntujukaken kangge nyebutaken kanca-kancanipun Gareng kados bajingan.

Adhedhasar konteks pangangening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken rumaketing sesambetan. Gareng nyebut Wisben kaliyan Joned ingkang mlebet wonten panggung kanthi tembung ‘bajingane’. Punika pratandha rumaketing kekancan antawasipun tiga tiyang punika, amargi Gareng anggenipun nyebut ‘bajingane’ boten adhedhasar pangraos ingkang duka, jengkel, kuciwa lan sanesipun.

h. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran kangge guyon.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis aran ingkang dipunginakaken kangge guyon. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Gareng saweg maragakaken dados tiyang ngamanca ingkang katabrak becak wonten ing Malioboro.

Gareng : “Dyeess kringkel, langsung hai **matane, matane.**” (Data no. 1)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika tembung ‘matane’. Tembung ‘matane’ kalebet wujud tembung andhahan amargi tembung punika gadhah tembung lingga ‘mata’ ingkang pikantuk panambang ‘-e’ sanes ‘-ne’. Panambang ‘-e’ punika dipunbiyantu kaliyan konsonan ‘n’ amargi tembung lingga ‘mata’ dipunpungkasi kaliyan vokal, satemah dados tembung ‘matane’ sanes ‘matae’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu mata’.

Tembung ‘matane’ kalebet basa ngoko ingkang gadhah teges peranganing badan ingkang dipunginakaken kangge ningali. Wonten ing pethikan punika tembung ‘matane’ kalebet basa kasar amargi dipunginakaken boten kangge nyebut peranganing badan tiyang, ananging dipunginakaken supados mripatipun dipunginakaken.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge guyon. Gareng wonten kahanan kasebut maragakaken dados tiyang ngamanca ingkang katabrak becak wonten ing Malioboro. Anggenipun maragakaken punika migunakaken basa ingkang kasar inggih punika ‘matane’. Kanthi tembung kasar punika, Gareng anggenipun maragakaken dados tiyang ngamanca ingkang nyebut ‘matane’ supados katingal lucu.

- i. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis kriya kangge ngandharaken raos jengkel.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis kriya ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Marwoto taken bilih endhas ayam taksih punapa boten, lajeng Yu Ningsih mangsuli kanthi ngendika ‘*tinggal* endhas *saya*’. Marwoto lajeng ngendika bilih badhe ngemut sirahipun Yu Ningsih.

Yu Ningsih: “*Mau* diemut, *mau dibrakoti* ya karepmu! *Ini kepala* ayam kiyé lho pak!” (Data no. 12)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika tembung ‘dibrakoti’. Tembung ‘dibrakoti’ kalebet wujud tembung andhahan amargi tembung punika gadhah tembung lingga ‘brakot’ ingkang pikantuk ater-ater ‘di-‘ lan pikantuk panambang ‘-i’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘anggone’ dados ‘anggone brakot’.

Tembung ‘brakot’ kalebet basa ngoko ingkang dipunginakaken tumrap kewan ingkang rakus. Panganggening tembung ‘dibrakoti’ wonten ing pentas Laskar Dagelan kalebet basa kasar amargi dipuntujukaken kangge tiyang.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Yu Ningsih jengkel dhateng tumindakipun Marwoto ingkang nyuwun pirsu badhe ngemut sirahipun. Yu Ningsih ugi jengkel amarga Marwoto boten mudheng kaliyan ingkang dipunngendikakaken dening piyambakipun. Amargi boten mudheng punika lajeng Marwoto ngledhek Yu Ningsih kanthi nyuwun pirsu badhe ngemut sirahipun angsal punapa boten. Tumindakipun Marwoto punika lajeng dipuntanggepi kanthi raos jengkel mawi nyebut tembung ‘dibrakoti’. Yu Ningsih nalika nyebut tembung punika migunakaken suwanten ingkang inggil.

j. Basa kasar awujud tembung andhahan jinis kriya kangge ngancem.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan jinis kriya ingkang dipunginakaken kangge

ngancem. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Soimah ngancem Gareng amargi Gareng punika ngajari perkawis ingkang boten sae dhateng garwanipun Soimah. Gareng punika yuswanipun langkung sepuh.

Soimah : “**Takkeplak** sirahmu sisan mengko palahan!” (Data no. 74)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung andhahan inggih punika tembung ‘takkayang’. Tembung ‘takkeplak’ kalebet wujud tembung andhahan amargi tembung punika gadhah tembung lingga ‘keplak’ ingkang pikantuk ater-ater ‘tak-’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung kriya amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘anggone’ dados ‘anggone keplak’.

Tembung ‘keplak’ kalebet basa ngoko ingkang gadhah teges pepindhan swaraning nabok. Wonten ing pentas punika, tembung kasebut kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kange tiyang ingkang langkung sepuh, lan Gareng punika minangka kanca garwanipun Soimah.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngancem. Soimah ngancem Gareng ingkang sampun ngajari garwanipun perkawis ingkang boten sae. Soimah nalika ngendika tembung punika migunakaken suwanten ingkang inggil. Gareng punika yuswanipun langkung sepuh tinimbang Soimah, satemah boten sae manawi Soimah migunakaken tetembungan punika.

3. Basa kasar awujud tembung rangkep

Saking asiling panaliten punika, kapanggihaken wonten basa kasar ingkang kalebet tembung rangkep. Saking wujud basa kasar punika lajeng badhe dipunandharaken fungsi panganggening basa kasar adhedhasar kahanan utawi konteks wonten ing pentas Laskar Dagelan. Basa kasar awujud tembung rangkep wonten ing pentas Laskar Dagelan namung kapanggihaken satunggal fungsi, inggih punika kangge guyon. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks: Wisben saweg ngandharaken agengipun salak wonten ing Turi.
Wisben punika saweg guneman kaliyan Joned.

Wisben : **Saendhas-endhasmu.** (Data no. 3)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung rangkep inggih punika tembung ‘saendhas-endhasmu’. Tembung ‘saendhas-endhasmu’ kalebet wujud tembung rangkep amargi tembung punika gadhah tembung lingga ‘endhas’ ingkang pikantuk ater-ater ‘sa-‘ lajeng dipunsukani panambang ‘-mu’. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu endhas’.

Tembung ‘endhas’ kalebet basa ngoko ingkang gadhah teges peranganing badan tiyang ingkang wonten inggil. Tembung kasebut kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge bandhingaken satunggaling woh-wohan kaliyan peranganing badan tiyang.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge guyon. Wisben nyebutaken bilih salak ingkang dipunpanen punika agengipun kados sirahipun Joned. Sakderengipun ugi Joned nyebutaken bilih mrica ingkang dipunpanen agengipun kados mripatipun Wisben kanthi micara ‘samata-matamu kok ben.’ Saking konteks punika saged dipunpirsani bilih panganggening basa kasar awujud tembung rangkep dipunginakaken kangge guyon antiwisipun Wisben kaliyan Joned.

4. Basa kasar awujud tembung wancah

Asiling panaliten saking *tabel* nginggil punika kapanggihaken wonten basa kasar ingkang kalebet tembung wancah. Tembung ingkang kapanggihaken punika namung kalebet jinis tembung aran. Saking wujud basa kasar punika lajeng dipunpados fungsi panganggening basa kasar adhedhasar kahanan utawi konteks wonten ing pentas Laskar Dagelan. Pirembaganipun badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap punika.

a. Basa kasar awujud tembung wancah kangge nyindhir.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung wancah ingkang dipunginakaken kangge nyindhir. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Sakderengipun Marwoto ngendika kados makaten, Susilo punika nyindhir Hanung ingkang beyanipun nyuwun dipuninggilaken. Sindhiranipun Susilo lajeng dipunwales dening Marwoto

ngengingi bab Susilo ingkang sampun dados guru ananging teksih ndherek dhagelan.

Marwoto : “Ha kowe ki guru, mulang ya isih melu dhagelan barang **Nyuk! Nyuk!**” (Data no. 31)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung wancah inggih punika tembung wancah ‘nyuk’. Tembung ‘nyuk’ kalebet wujud tembung wancah amargi tembung punika asalipun saking tembung ‘munyuk’ ingkang dipuncetak. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu munyuk’.

Tembung ‘munyuk’ gadhah teges namaning kewan ingkang rakus. Panganggening tembung wancah ‘nyuk’ kalebet basa kasar amargi wonten ing pentas Laskar Dagelan dipunginakaken kangge gantosaken asmanipun tiyang, sanes dipunginakaken kangge namaning kewan.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge nyindhiri. Marwoto nyindhiri Susilo ingkang taksih ndherek dhagelan sanajan piyambakipun sampun dados Guru, satemah Marwoto migunakaken tembung wancah ‘nyuk’ punika. Dados Marwoto anggenipun nyindhiri kanthi nyebut bilih Susilo kados munyuk mawi dipunwancah ‘nyuk’.

b. Basa kasar awujud tembung wancah kangge ngandharaken raos duka.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung wancah ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos

duka. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Susilo sampun paring panglipur dhateng Soimah, ananging Soimah tetep nangis kemawon.

Susilo : “Kowe isa meneng ora ta, **Su!**” (Data no. 58)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung wancah inggih punika tembung wancah ‘su’. Tembung ‘su’ kalebet wujud tembung wancah amargi tembung punika asalipun saking tembung ‘asu’ ingkang dipunccekak. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu asu’.

Wonten ing masarakat jawi tembung ‘asu’ dipunginakaken kangge nyebut nama kewan ingkang gadhah najis miturut agami tartamtu. Panganggening tembung wancah ‘su’ kalebet basa kasar amargi wonten ing pentas Laskar Dagelan dipunginakaken kangge gantosaken asmanipun tiyang, boten dipunginakaken kangge nyebut kewan.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Susilo duka dhateng Soimah ingkang nangis kemawon. Saderengipun Susilo duka piyambakipun sampun nyobi nglipur, ananging Soimah nangis kemawon, satemah Susilo duka. Susilo duka kanthi nyebut Soimah ‘asu’ ingkang dipunccekak dados ‘su’ mawi suwanten ingkang inggil.

c. Basa kasar awujud tembung wancah kangge ngandharaken raos jengkel.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud tembung wancah ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Wonten ing kahanan punika Marwoto nyekar kathah sanget, lajeng *audioman* pakaryanipun namung sakedhik.

Marwoto : “Uwis – uwis, *kamu enak aja tinggal off on – off on*. Le ngapalke nganti uwanen **Nyuk! Nyuk!**” (Data no. 22)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud tembung wancah inggih punika tembung wancah ‘nyuk’. Tembung ‘nyuk’ kalebet wujud tembung wancah amargi tembung punika asalipun saking tembung ‘munyuk’ ingkang dipuncetak. Jinisipun tembung punika kalebet jinis tembung aran amargi saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu munyuk’.

Tembung ‘munyuk’ gadhah teges namaning kewan ingkang rakus. Panganggening tembung wancah ‘nyuk’ kalebet basa kasar amargi wonten ing pentas Laskar Dagelan dipunginakaken kangge gantosaken asmanipun tiyang, sanes dipunginakaken kangge namaning kewan.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Marwoto jengkel dhateng *audioman* amargi pakaryanipun namung ngatur *tombol* wekdal Marwoto nyekar. Wonten ing kahanan punika Marwoto katingal gadhah pangraos boten adhil amargi piyambakipun anggenipun ngapalaken

cakepanipun sisah, boten kados *audioman* ingkang namung njagi *tombol*. Kahanan punika ingkang dadosaken Marwoto jengkel kanthi nyebut *audioman* munyuk mawi tembung wancah ‘nyuk’.

5. Basa kasar awujud frasa

Pirembagan wonten ing bab punika badhe dipunandharaken basa kasar awujud frasa wonten ing pentas Laskar Dagelan. Frasa punika kadamel saking frasa *inti* kaliyan frasa *atributif*. Wujud basa kasar ingkang kapanggihaken punika lajeng dipunrembag mawi konteks lan kahanan tuturan supados saged dipunpados fungsi panganggening basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Pirembaganipun badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap punika.

a. Basa kasar awujud frasa jinis aran kangge ngandharaken raos jengkel.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud frasa jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Marwoto jengkel dhateng Susilo amargi anggenipun nyekar nyuwun dipunambali malih, ananging Marwoto boten purun amargi nyekaripun kathah.

Marwoto: “Baleni – baleni **matamu kuwi!**” (Data no. 25)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud frasa inggih punika ‘matamu kuwi’. Basa kasar awujud frasa punika kadamel saking frasa *inti* tembung ‘matamu’, lan ‘kuwi’ minangka

atributif. Jinisipun frasa punika kalebet jinis frasa aran amargi frasa intinipun saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu matamu’.

Panganggening frasa ‘matamu kuwi’ punika kalebet basa kasar amargi migunakaken suwanten ingkang inggil lajeng gadhah pangraos ingkang boten remen dhateng tumindakipun mitra tuturipun. Wonten ing pentas Laskar Dagelan frasa ‘matamu kuwi’ dipunginakaken supados Susilo langkung mirsani kawontenanipun Marwoto.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Wonten ing kahanan punika Marwoto nyekar kathah sanget, Susilo namung nyekar sakedhik. Marwoto boten purun ngambali malih anggenipun nyekar, ananging Susilo nyuwun dipunambali anggenipun nyekar. Adhedhasar makaten Marwoto jengkel dhateng Susilo kanthi nyebut ‘matamu kuwi’.

b. Basa kasar awujud frasa jinis aran kangge ngandharaken raos kuciwa.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud frasa jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Marwoto nyekar kanthi cakepan ingkang kathah, lajeng *audioman* makaryanipun namung sakedhik sanget.

Marwoto: “Nyambut gawe ora terarah blas. **Asem iki!**” (Data no. 23)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud frasa inggih punika ‘asem iki’. Basa kasar awujud frasa punika

kadamel saking frasa inti tembung ‘asem’, lan ‘iki’ minangka atributif. Jinisipun frasa punika kalebet jinis frasa aran amargi frasa intinipun saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu asem’.

Panganggening frasa ‘asem iki’ punika kalebet basa kasar amargi tembung ‘asem’ wonten ing masarakat dipunginakaken kangge nyebutaken nama satunggaling woh. Wonten ing pentas Laskar Dagelan punika frasa ‘asem iki’ sanes dipunginakaken kangge nyebutaken nama woh ingkang kecut, ananging dipunginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa. Wonten ing kahanan punika Marwoto nyekar anggenipun nyekar kathah lan ugi panjang sanget. Marwoto gadhah pangraos bilih *audioman* anggenipun makarya namung sakedhik sanget. Satemah marwoto kuciwa amargi pakaryanipun punika boten dipuntata kanthi leres, boten kados ingkang dipunkajengaken. Amargi kuciwa punika Marwoto micara migunakaken basa kasar kanthi nyebut ‘asem iki’.

c. Basa kasar awujud frasa jinis aran kangge ngandharaken raos gumun.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud frasa jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Gareng anggenipun nyekar satunggaling tembang suwantenipun sae sanget. Wisben ingkang mirengaken Gareng anggenipun nyekar lajeng gadhah pangraos gumun.

Wisben : “**Cangkeme ki!**” (Data no. 38)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud frasa inggih punika ‘cangkeme ki’. Basa kasar awujud frasa punika kadamel saking frasa inti tembung ‘cangkem’, lan ‘ki’ minangka atributif. Tembung ‘ki’ punika saking tembung lingga ‘iki’ ingkang dipunwancah. Jinisipun frasa punika kalebet jinis frasa aran amargi frasa intinipun saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu cangkeme’.

Frasa ‘cangkeme ki’ kalebet basa ngoko ingkang dipunginakaken kangge nyebut satunggaling peranganing badan ingkang dipunginakaken kangge guneman, dhahar, lan sanesipun. Panganggening frasa ‘cangkeme ki’ wonten ing pentas punika kalebet basa kasar amargi frasa punika sajatosipun sanes dipunginakaken kangge nyebut peranganing badan, ananging dipunginakaken kangge nyebut suwanten ingkang sae.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos gumun. Wonten ing kahanan punika Joned, Gareng, lan Wisben saweg maragakaken *keahlian* punapa ingkang saged dipunginakaken kangge makaryo. Gareng ingkang sagedipun nyekar punika lajeng nyekar wonten ing sangajengipun Wisben kaliyan Joned. Suwantenipun Gareng anggenipun nyekar sae sanget, satemah dadosaken Wisben gadhah pangraos gumun kanthi nyebut ‘cangkeme ki’.

d. Basa kasar awujud frasa jinis aran kangge ngandharaken rumaketing sesambetan.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud frasa jinis aran ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken rumaketing sesambetan. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Wonten ing kahanan punika Marwoto saweg micara wonten ing sangajengipun para paraga. Marwoto ngendika bilih Susilo punika guru ingkang goblog nanging saged dados PNS, lajeng Susilo mangsuli pangandikanipun Marwoto mawi tuturan basa kasar.

Susilo : “Aku saploke awor **wong goblog** ketularan e aku.” (Data no. 63)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud frasa inggih punika ‘wong goblog’. Basa kasar awujud frasa punika kadamel saking frasa inti tembung ‘wong’, lan tembung ‘goblog’ minangka atributif. Jinisipun frasa punika kalebet jinis frasa aran amargi frasa intinipun saged sinambung kaliyan tembung ‘dudu’ dados ‘dudu wong’.

Wonten ing pentas Laskar Dagelan panganggening frasa ‘wong goblog’ punika kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge nyebut tiyang ingkang kelas sosialipun langkung inggil, inggih punika minangka Kepala Desa. Kahanan wonten ing wekdal punika ugi Kepala Desa saweg ngendika wonten ing sangajengipun tiyang kathah.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken rumaketing sesambetan. Wonten ing kahanan punika Marwoto saweg ngendika wonten

ing sangajengipun para paraga pentas Laskar Dagelan. Lajeng Susilo gadhah pamanggih, ananging pamanggihipun Susilo boten dipuntampi dening Marwoto ingkang minangka Kepala Desa. Marwoto lajeng ngendika bilih Susilo punika bodho anggenipun paring pamanggih, lajeng gumun amargi Susilo bodho ananging saged dados PNS. Kangge mangsuli pangandikanipun Marwoto, Susilo nyebut bilih marwoto punika ‘wong goblog’, amargi sasampunipun kekancan kaliyan Susilo dados katularan ‘goblog’. Basa kasar punika minangka tetenger rumaketing sesambetan antawisipun Susilo kaliyan Marwoto.

e. Basa kasar awujud frasa jinis kaanan kangge nyindhir.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud frasa jinis kaanan ingkang dipunginakaken kangge nyindhir. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Saderengipun Marwoto ngendika makaten, Susilo nyindhir Hanung, satemah Marwoto ngendika dhateng Susilo ngengingi sindhiranipun punika.

Marwoto : “Ora ming iki nek melu dinyangi, **sing cluthak** ora dheke!” (Data no. 29)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud frasa inggih punika ‘sing cluthak’. Basa kasar awujud frasa punika kadamel saking frasa inti tembung ‘cluthak’, lan tembung ‘sing’ minangka atributif. Jinisipun frasa punika kalebet jinis frasa kaanan amargi

frasa intinipun saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ dados ‘cluthak banget’.

Tembung ‘cluthak’ kalebet basa ngoko ingkang gadhah teges satunggaling tumindakipun kewan mliginipun kangge segawon. Wonten ing pentas punika tembung kasebut kalebet basa ingkang kasar amargi dipunginakaken kangge nyebut tumindakipun tiyang, sanes dipunginakaken kangge nyebut tumindakipun segawon.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge nyindhir. Sakderengipun Marwoto ngendika makaten, Susilo punika sampun nyindhir dhateng Hanung bilih anggenipun ndherek dhagelan beyanipun nyuwun dipuninggilaken. Adhedhasar sindhiranipun Susilo punika, lajeng Marwoto nyindhir Susilo bilih piyambakipun punika boten beda kaliyan Hanung. Susilo Sajatosipun guru ananging taksih ndherek dhagelan, satemah Marwoto nyindhir Susilo kanthi migunakaken frasa ‘sing cluthak’.

f. Basa kasar awujud frasa jinis kaanan kangge ngandhraken raos duka.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud frasa jinis kaanan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Wangsulnipun Hanung boten kados ingkang dipunkajengaken dening Marwoto. Marwoto anggenipun taken migunakaken basa Jawa krama, ananging Hanung ngendika bilih boten saged micara basa Jawa. Marwoto kaliyan Hanung nembe mawon tepang.

Marwoto: “**Bajinguk ki!** Lagi rong sasi neng Jakarta, eh *guwe kagak bise, sudah* tigang dina *di Jakarta minumnya teh gendul.*” (Data no. 19)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud frasa inggih punika ‘bajinguk ki’. Basa kasar awujud frasa punika kadamel saking frasa inti tembung ‘bajinguk’, lan ‘ki’ minangka atributif. Tembung ‘ki’ punika saking tembung lingga ‘iki’ ingkang dipunwancah. Jinisipun frasa punika kalebet jinis frasa kaanan amargi frasa intinipun saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ dados ‘bajinguk banget’.

Panganggening frasa ‘bajinguk ki’ punika kalebet basa kasar amargi tembung ‘bajinguk’ wonten ing masarakat asring dipunginakaken kangge misuh. Marwoto nyebut bilih mitra tuturipun punika ‘bajinguk’. Marwoto kaliyan Hanung punika nembe mawon tepang.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka. Wonten ing kahanan punika Marwoto nepangaken piyambakipun dhateng Hanung. Marwoto migunakaken basa jawa krama inggil anggenipun ngendika, ananging Hanung anggenipun mangsuli migunakaken basa Indonesia kanthi ngendika bilih piyambakipun boten saged basa Jawa. Marwoto lajeng duka, amargi Hanung punika nembe tigang wulan wonten Jakarta nanging ngendika bilih boten saged basa Jawa. Kahanan punika ingkang dadosaken Marwoto duka dhateng Hanung kanthi migunakaken nyebut ‘bajinguk ki’.

g. Basa kasar awujud frasa jinis kaanan kangge ngina.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud frasa jinis kaanan ingkang dipunginakaken kangge ngina. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Gareng, Joned, Wisben, Yu Ningsih punika boten maksud kaliyan pangandikanipun Marwoto. Miturut Marwoto ingkang leres punika ningali Koran maos TV.

Marwoto: “*Lihat TV baca Koran ora ketok TVne ketutupan koran, oh **pekok ki** yoan!*” (Data no. 9)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud frasa inggih punika ‘pekok ki’. Basa kasar awujud frasa punika kadamel saking frasa inti tembung ‘pekok’, lan ‘ki’ minangka atributif. Tembung ‘ki’ punika saking tembung lingga ‘iki’ ingkang dipunwancah. Jinisipun frasa punika kalebet jinis frasa kaanan amargi frasa intinipun saged sinambung kaliyan tembung ‘banget’ utawi ‘luwih’ dados ‘pekok banget’ utawi ‘luwih pekok’.

Tembung ‘pekok’ punika kalebet basa ngoko ingkang dipunginakaken kangge nyebut kahanipun tiyang ingkang bodho sanget. Panganggening frasa ‘pekok ki’ punika kalebet basa kasar amargi wonten ing pentas punika dipunginakaken kangge nyebutaken tiyang ingkang sajatosipun boten ‘pekok’, ananging amargi pamanggihipun boten sami. Wonten ing kahanan punika ugi wonten mitra tuturipun Marwoto ingkang yuswanipun langkung sepuh.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos ngina. Wonten ing kahanan punika Marwoto saweg micara dhateng Gareng, Joned, Wisben, lan Yu Ningsih. Marwoto ngendika bilih ingkang leres punika ningali koran lan maos TV, amargi manawi maos koran lan ningali TV punika TVnipun boten katingal. Gareng, Joned, Wisben, lan Yu Ningsih boten maksud kaliyan pamanggihipun Marwoto punika, satemah Marwoto nyebut bilih Gareng, Joned, lan Yu Ningsih mawi frasa ‘pekok ki’.

6. Basa kasar awujud klausa

Pirembagan wonten ing bab punika badhe dipunandharaken basa kasar awujud klausa wonten ing pentas Laskar Dagelan. Wujud basa kasar ingkang kapanggihaken punika lajeng dipunrembag mawi konteks lan kahanan tuturan supados saged dipunpados fungsi panganggening basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Pirembaganipun badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap punika.

a. Basa kasar awujud klausa kangge ngledhek.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud klausa ingkang dipunginakaken kangge ngledhek. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Sirahipun Gareng ingkang dipunkeplak dening Soimah ingkang saweg duka.

Wisben : “**Endhase muni**, apik tenan.” (Data no. 47)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud klausa inggih punika ‘endhase muni’. Klausa ‘endhase muni’ gadhah tembung ‘endhase’ minangka jejer, lan tembung ‘muni’ minangka wasesanipun. Klausa ‘endhase muni’ kalebet basa ngoko, ananging wonten ing pentas punika kalebet basa kasar. Klausa punika sajatosipun boten dipunginakaken kangge nyebut peranganing badan, ananging dipunginakaken kangge nyebut tumindakipun Gareng ingkang dipunkeplak dening Soimah.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngledhek. Wisben ngledhek dhateng Gareng ingkang sirahipun dipunkeplak dening Soimah ngantos medal suwantenipun. Sajatosipun ingkang medal suwantenipun punika tutukipun Gareng, sanes sirahipun. Adhedhasar punika Wisben ngledhek Gareng amargi sakderengipun dipunkeplak Gareng ngendika bilih dereng nate mireng sirah saged bengok.

b. Basa kasar awujud klausa kangge nyindhir.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud klausa ingkang dipunginakaken kangge nyindhir. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Gareng mangsuli pangandikanipun Yu Ningsih ingkang ugi ngendika ‘mati kowe’. Yu Ninngsih punika yuswanipun langkung sepuh tinimbang Gareng.

Gareng : “**Nek mati kowe sik**, tuwa dhewe kowe kok!” (Data no. 6)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud klausa inggih punika ‘nek mati kowe sik’. Basa kasar ‘nek mati kowe sik’ kalebet wujud klausa amargi tembung punika gadhah tembung ‘nek mati’ minangka wasesa, lan ‘kowe sik’ minangka lesan. Panganggening klausa punika kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge mitra tutur ingkang yuswanipun langkung sepuh, ingkang kedahipun dipunurmati.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge nyindhir. Saderengipun Gareng ngendika kados makaten, Yu Ningsih ngendika dhateng Gareng bilih ingkang nyebut kraton Jogja miring punika kalih dinten malih seda. Gareng lajeng mangsuli pangandikanipun Yu Ningsih kanthi migunakaken klausa makaten supados Yu Ningsih punika eling dhateng yuswanipun.

c. Basa kasar awujud klausa kangge ngancem.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud klausa ingkang dipunginakaken kangge ngancem. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Joned ngendika bilih Soimah punika ‘katarak’. Sakderengipun ugi Soimah sampun duka dhateng Joned amargi boten tanggel jawab. Soimah wonten ing pentas punika minangka garwanipun Joned.

Soimah : “Macem-macem, ora minggat saka kene isa **mati kowe!**” (Data no. 51)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud klausa inggih punika ‘mati kowe’. Basa kasar ‘mati kowe’

kalebet wujud klausa amargi tembung punika gadhah tembung ‘mati’ minangka wasesa, lan ‘kowe’ minangka lesan. Panganggening klausa ‘mati kowe’ kalebet basa kasar amargi klausa punika dipunginakaken kangge guneman kaliyan garwanipun ingkang kedahipun langkung dipunormati.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngancem. Wonten ing kahanan sakderengipun, Soimah sampun jengkel dhateng Joned amargi Joned nyebut bilih Soimah punika ‘katarak’ lan boten tanggel jawab dhateng piyambakipun minangka garwanipun. Kanthi raos jengkel punika lajeng Soimah ngendika dhateng Joned supados kesah. Jengkelipun Soimah lajeng micara kanthi kasar, inggih punika ngancem kanthi nyebut ‘mati kowe’ bilih boten kesah. Soimah nalika nyebut ‘mati kowe’ migunakaken suwanten ingkang inggil.

d. Basa kasar awujud klausa kangge ngandharaken raos jengkel.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud klausa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Marwoto anggenipun nyekar kathah sanget, menawi Susilo namung sakedhik sanget. Susilo lajeng nyuwun tembangipun dipunambali malih.

Marwoto: “*Hafal* lah ming jogja jogja, hambok **cangkemmu suwek tekan piringan** ya apal!” (Data no. 26)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud klausa inggih punika ‘cangkemu suwek tekan piringan’.

Panganggening klausa ‘cangkemu suwek tekan piringan’ kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge nyebutaken mitra tuturipun Marwoto. Basa kasar ‘cangkemu suwek tekan piringan’ kalebet wujud klausa ingkang kadhapuk saking tembung ‘cangkemu’ minangka jejer, tembung ‘suwek’ minangka wasesanipun, lan frasa ‘tekan piringan’ ingkang gadhah kalungguhan dados wasesa.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel. Wonten ing kahanan punika Marwoto saweg nyekar, lan Susilo ingkang njangkepi sekedhik-sekedhik. Bibaripun nyekar Susilo nyuwun dipunambali malih, ananging Marwoto boten purun amargi kathah sanget anggenipun nyekar. Marwoto anggenipun ngendika makaten migunakaken suwanten ingkang inggil. Adhedhasar konteks punika Marwoto jengkel dhateng Susilo ingkang nyuwun nyekar malih kanthi migunakaken basa kasar ‘cangkemu suwek tekan piringan’.

e. Basa kasar awujud klausa kangge ngina.

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud klausa ingkang dipunginakaken kangge ngina. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Para paraga mlayu ngoyak Superman, ananging margi ingkang dipunpilih para paraga klentu. Amargi klentu kasebut, Wisben wonten ing wingking lajeng ngundang para paraga wau kanthi swara kados kewan. Lajeng Gareng ngendika makaten.

Gareng : “Eh! **Asune njegog!** Eh!” (Data no. 65)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud klausa inggih punika ‘asune njegog’. Panganggening klausa ‘asune njegog’ kalebet basa kasar amargi dipunginakaken kangge nyebutaken mitra tuturipun Gareng, sanes dipunginakaken kangge nyebutaken nama satunggaling kewan. Basa kasar ‘asune njegog’ kalebet wujud klausa amargi gadhah tembung ‘asune’ minangka jejer, lan ‘njegog’ minangka wasesanipun.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge ngina. Wonten ing kahanan punika para paraga mlajeng pados Superman, ananging para paraga klentu marginipun. Wisben ingkang ningali para paraga ingkang klentu anggenipun mlajeng, lajeng medalaken suwanten ingkang kados satunggaling kewan. Gareng ingkang wonten ing rombongan punika lajeng ngina Wisben kanthi nyebut ‘asune njegog’.

f. Basa kasar awujud klausa kangge nyumpahi

Tuturan wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken basa kasar awujud klausa ingkang dipunginakaken kangge nyumpahi. Basa kasar ingkang dipunpanggihaken punika saged dipunpirsani wonten ing pethikan ngandhap punika.

Konteks : Gareng punika mirsani bilih kraton Jogja miring, ananging miturut Wisben, Joned lan Yu Ningsih bilih kraton Jogja boten miring.

Yu Ningsih: “Tak omongi reng, *siapa saja yang menyinggung-nyinggung nama keraton Jogja, apa lagi kamu mengatakan miring, ooh mengko rong dina neh **mati kowe**, tenan!*” (Data no. 80)

Pethikan tuturan wonten nginggil punika saged kapanggihaken basa kasar awujud klausa inggih punika ‘mati kowe’. Panganggening klausa ‘mati kowe’ kalebet basa kasar amargi seda punika sajatosipun kagunganipun Gusti ingkang nemtokaken gesang lan sedanipun manungsa. Wonten ing pentas Laskar Dagelan, basa punika dipuntujukaken dhateng Gareng ingkang ngendika bilih kraton Jogja katingal miring. Basa kasar ‘mati kowe’ kalebet wujud klausa amargi tembung punika anggadhahi tembung ‘mati’ minangka wasesa, lan ‘kowe’ minangka lesan.

Adhedhasar konteks panganggening basa kasar wonten ing pethikan nginggil punika dipunginakaken kangge nyumpahi. Gareng ngendika bilih kraton Jogja katingal miring. Miturut Wisben, Joned lan Yu Ningsih kraton Jogja punika boten katingal miring. Yu Ningsih ingkang mireng pangandikanipun Gareng lajeng micara bilih sinten ing nyebut kraton Jogja miring kalih dinten malih seda.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ngengingi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan ingkang sampun dipunandharaken saged dipunpundhut dudutanipun. Dudutan saking asiling panaliten saha pirembagan wonten ngandhap punika.

1. Wujud basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan punika kapanggihaken wonten tigang wujud. Kaping sapisan inggih punika basa kasar wujud tembung. Basa kasar ingkang awujud tembung kapanggihaken wonten sekawan wujud, inggih punika awujud tembung lingga, awujud tembung andhahan, awujud tembung wancah, lan awujud tembung rangkep. Kaping kalih inggih punika basa kasar ingkang awujud frasa. Wujud basa kasar ingkang pungkasan inggih punika awujud klausa. Paraga migunakaken basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan kanthi wujud ingkang maneka warni punika supados anggenipun ngandharaken tuturan langkung gampil, lan kangge mujudaken kathahipun basa kasar ingkang dipunginakaken wonten ing pentas Laskar Dagelan.
2. Jinis basa kasar ingkang kapanggihaken wonten ing pentas Laskar Dagelan wonten tigang jinis. Kaping sapisan kanthi jinis tembung aran, jinis punika rumaket wonten ing basa kasar ingkang awujud tembung lan frasa. Kaping kalih inggih punika kanthi jinis tembung kaanan, jinis punika ugi rumaket wonten ing basa kasar ingkang awujud tembung lan

frasa. Ingkang pungkasan inggih punika basa kasar kanthi jinis tembung kriya, jinis punika namung rumaket wonten ing basa kasar ingkang awujud tembung.

3. Fungsi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan kapanggihaken wonten 11, inggih punika:
 - a. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge ngledhek
 - b. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge nyindhir
 - c. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos duka
 - d. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos jengkel
 - e. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos kuciwa
 - f. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos gumun
 - g. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge ngina
 - h. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken rumaketing sesambetan
 - i. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge guyon utawi gojeg
 - j. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge ngancem
 - k. basa kasar ingkang dipunginakaken kangge nyumpahi.

Fungsi basa kasar punika saged katingal saking konteks utawi kahanan nalika basa kasar punika dipunginakaken. Panganggening basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan punika jumbuh kaliyan pangraos panutur dhateng mitra tuturipun, satemah saged dipuntemtokaken ancasipun panganggening basa kasar.

B. Implikasi

Pirembagan wonten ing panaliten punika babagan basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Panaliten punika gadhah asil wujud, jinis lan fungsi basa kasar ingkang kapanggihaken wonten ing pentas punika. Asiling panaliten ngengingi basa kasar punika dipunpangajab saged caos *pemahaman* dhateng masarakat, satemah masarakat saged mangertos wujud, jinis lan fungsi panganggening basa kasar. Para paraga dhagelan sanesipun ugi saged migunakaken panaliten punika kangge nambah cacahing tembung bab basa kasar. Panaliten punika ugi saged dados *referensi* kangge panaliten salajengipun ingkang gayut kaliyan bab basa kasar.

C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan lan implikasi ingkang sampun kaandharaken wonten nginggil, panaliti saged paring pamrayogi wonten ngandhap punika.

1. Pirembagan wonten ing panaliten punika namung sakedhik, inggih punika ngengingi wujud, jinis lan fungsi basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan. Taksih mawarni-warni pirembagan ingkang saged katindakaken wonten ing pentas punika, kadosta referen panganggening basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan.
2. Kangge mahasiswa sanesipun ingkang badhe ngawontenaken panaliten ugi saged ngrembag bab *linguistik*, *morfologi* utawa sanesipun.
3. Panaliten punika ngrembag basa kasar wonten ing pentas Laskar Dagelan, ananging kangge ingkang maos dipunprayogi boten remen migunakaken

basa kasar kangge ngandharaken pangraosipun, amargi taksih kathah basa ingkang langkung sae tinimbang migunakaken basa kasar.

KAPUSTAKAN

- Alwasilah, A. Chaedar. 1985. *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Anggoro, M. Toha dkk. 2007. *Metode Penelitian*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Antunsohono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djokdja: Hien Hoo Sing.
- Aslinda lan Leni Syafyahya. 2007. *Pengantar Sociolinguistik*. Bandung: Refika Aditama.
- Chaer, Abdul lan Leonie Agustina. 2004. *Sociolinguistik: Perkenalan Awal*. Jakarta: PT. Asdi Mahasarya.
- Kementerian Pengadjaran, Pendidikan, dan Keboedajaan. 1949. *Karti Basa*. Djakarta: Kementerian Pengadjaran, Pendidikan, dan Keboedajaan.
- Moeliono, Anton M. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- _____. 2009. *Linguistik Umum*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- _____. 2011. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Nababan, P.W.J. 1984. *Sociolinguistik: Suatu Pengantar*. Jakarta : PT Gramedia.
- _____. 1987. *Ilmu Pragmatik: Teori dan Penerapan*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Nurhayati, Endang lan Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Nurhayati, Endang. 2009. *Sociolinguistik: Kajian Kode Tutur dalam Wayang Kulit*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa I*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Pateda, Mansoer. 1989. *Semantik Leksikal*. Flores: Nusa Indah.

- Poedjosoedarmo, Soepomo. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B Wolters – Groningen.
- Saptomo. S.W. 2001. *Makian Dalam Bahasa Jawa*. Tesis S2. Yogyakarta: Program Pasca Sarjana Universitas Gadjah Mada.
- Sasangka, Sry Satriya Catur Wisnu. 2001. *Paramasatra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto, dkk. 1982. *Kata-Kata Afektif Dalam Bahasa Jawa Laporan Proyek Penelitian Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah*. DIY: Departemen Pendidikan Nasional.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 1992. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Suwito. 1982. *Pengantar Awal Sociolinguistik: Teori dan Problema*. Surakarta: Honary Offset Surakarta.
- Verhaar, J.W.M. 1988. *Pengantar Linguistik Jilid I*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Wijana, I Dewa Putu. 2008. “Kata-Kata Kasar Dalam Bahasa Jawa” wonten ing *Humaniora* Volume 20 No. 3 Kaca 249-256. Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada.
- Wijana, I Dewa Putu lan Rohmadi Muhammad. 2012. *Sociolinguistik: Kajian Teori dan Analisis*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

LAMPIRAN

Tabel Analisis Wujud , Jinis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

No	Konteks	Data	Wujud				Jinis					Fungsi										Katrangan		
			Tembung				F r	K l	A r	K r	K a	L d	S r	D k	J k	K c	G u	G c	S b	G y	N g		N y	
			L g	A n	R k	W c																		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	25	
1	Ga maragakaken dados tiyang ngamanca ingkang katabrak becak wonten ing Malioboro.	Ga: “Dyeess kringkel, langsung hai matane, matane. ”		√						√											√			<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: mata + e. • Jinis tembung aran. • Kangge guyon antawisipun Jo, Wi kaliyan Ga ingkang ngandharaken tiyang gamanca ingkang katabrak becak.
2	Jo ngandharaken mrica wonten ing Cangkringan ingkang ageng-ageng amargi awu <i>vulkanik</i> .	Jo: “ <i>Kemaren panen itu</i> gedhene dadi samata-matamu kok ben.”			√					√											√			<ul style="list-style-type: none"> • Tembung rangkep: sa + mata + mu. • Jinis tembung aran. • Kangge guyon antawisipun Wi kaliyan Jo ingkang ngandharaken agengipun mrica.
3	Wi ngandharaken salak wonten ing Turi ingkang ageng-ageng amargi awu <i>vulkanik</i> .	Wi: “ Saendhas-endhasmu. ”			√					√											√			<ul style="list-style-type: none"> • Tembung rangkep: sa + endhas + mu. • Jinis tembung aran. • Kangge guyon antawisipun Jo kaliyan

Tabel Analisis Wujud , Jinis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

																				Wi ingkang ngandharaken agengipun salak.
4	Ga mlayu-mlayu amargi mireng suwara mbledhos, anggenipun mlayu dipndamel-damel.	Wi: “Asline ketok banci nek bengi.”	√						√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga: banci • Jinis tembung aran. • Kangge ngina Ga amargi anggenipun mlayu kados banci.
5	So ngendika dhateng Ma ingkang mirsani pocongipun. Ma punika yuswanipun langkung sepuh tinimbang So.	So: “Pantesan bokonge ketok terus!”		√					√									√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: bokong + mu. • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken gumunipun So dhateng tumindakipun Ma. 	
6	Ga mangsuli pangandikanipun Yn ingkang micara kasar ‘mati kowe’. Yn punika yuswanipun langkung sepuh tinimbang Ga.	Ga: “ Nek mati kowe sik , tuwa dhewe kowe kok!”							√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Wasesa: nek mati. • Lesan: kowe sik. • Kangge nyindhir Yn ingkang langkung sepuh.
7	Ma ngendika bilih keprok boten wonten artosipun manawi boten wonten	Jo:” Kowe ya ming rombongan kere! ”	√																√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung kaanan. • Kangge ngina Ma ingkang nyebut bilih keprok boten

Tabel Analisis Wujud , Jinis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	artanipun. Ma punika minangka Kepala Desa.																			wonten artosipun bilih boten wonten artanipun.
8	Ga klentu anggenipun ngandharaken maksudipun Ma.	Ma: “ Sing goblog kowe!”				√				√									√	<ul style="list-style-type: none"> • Frasa inti: goblog. • Atributif: sing. • Jinis frasa kaanan. • Kangge ngina Ga ingkang boten maksud kaliyan pangandikanipun Ma.
9	Ga, Jo, Wi, Yn punika boten maksud kaliyan pangandikanipun Ma.	Ma: “ <i>Lihat TV baca Koran</i> ora ketok TVne ketutupan korane, ooh pekok ki yoan!”				√				√									√	<ul style="list-style-type: none"> • Frasa inti: pekok. • Frasa atributif: ki. • Jinis tembung kaanan. • Kangge ngina Ga, Jo, Wi lan Yn ingkang boten maksud kaliyan pangandikanipun Ss.
10	Andharanipun Ma boten kados ingkang dipunkajengaken Ga. Ma punika minangka Abdi Dalem kraton lan yuswanipun langkung sepuh.	Wi: “Ooh uteke encer , metu nggon kuping!”							√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Jejer: uteke. • Wasesa: encer. • Kangge nyindhir Ma amargi andharanipun boten kados ingkang dipunkajengaken Wi, Ga, Jo lan Yn.
11	Ma <i>penasaran</i> dhateng wangsulanipun Yn	Ma: “ <i>Tinggal endhasmu?</i> ”	√						√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: endhas + mu. • Jinis tembung aran.

Tabel Analisis Wujud , Jinis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	Facebook.	ngerti og yoan simbok ki.”																			klentu anggenipun ngendika.
16	Ha punika sajatosipun sutradara, ananging ndherek dhagelan.	Ss:”...itu biasanya termasuk sutradara mlarat , apa-apa dicaki, dhagelan ikut, theater ikut, padahal ya jelek semua.”	√							√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung kaanan. • Kangge ngina Ha ingkang ndherek dhagelan.
17	Ss saweg cariyos dhateng Ha bilih Ha dereng paring arta kangge beya akik ingkang sampun dipunpundhut.	Ss: “Wah tapi orangnya pelit banget itu mas, sampe sekarang belum bayar, asu og kae tenan!”	√						√											√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken dukanipun Ss amargi akikipun dereng dipunbayar.
18	Ha amargi dereng paring beya lajeng dipunina.	Ss: “Padahal dulu, dulu loh, di Jogja itu, walah itu goblog , goblog , keset...”	√							√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung kaanan. • Kangge ngina Ha amargi dereng paring arta dhateng Ss.
19	Wangsulanipun Ha boten kados ingkang	Ma: “ Bajinguk ki! Lagi rong sasi					√			√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Frasa inti: bajinguk. • Atributif: ki. • Jinis frasa kaanan.

Tabel Analisis Wujud , Jenis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	namung sekedhik sanget, dados piyambakipun langkung gampil anggenipun ngapalaken.	ming jogja – jogja, hambok cangkemmu suwek tekan piringan ya apal!”																		<ul style="list-style-type: none"> • Wasesa: suwek tekan piringan. • Kangge ngandharaken jengkelipun Ma amargi Ss nyekaripun namung sakedhik.
27	Ss dipunaturi nyekar wonten griya.	Ma: “Karo kowe neng omah stelna nganti jebol telake mas!”					√							√						<ul style="list-style-type: none"> • Wasesa: jebol. • Lesan: telake. • Kangge ngandharaken jengkelipun Ma dhateng Ss ingkang nyuwun nyekar malih.
28	Ha sajatosipun boten badhe tumbas akik, ananging dipunpeksa.	Ss: “ <i>Khusus untuk sutradara mlarat gratis mas, mahar sepuluh juta.</i> ”	√									√						√		<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung kaanan. • Kangge ngina Ha amargi boten remen kaliyan akik.
29	Ss ngendika bilih Ha punika ngenyangi dhagelan, lajeng Ma nyindhir Ss.	Ma: “Ora ming iki nek melu dinyangi, sing cluthak ora dheke...”					√				√			√						<ul style="list-style-type: none"> • Frasa inti: cluthak. • Frasa atributif: sing. • Jinis frasa kaanan. • Kangge nyindhir Ss bilih Ss punika boten beda kaliyan Ha.
30	Ss ngendika bilih Ha punika ngenyangi dhagelan, lajeng Ma nyindhir Ss.	Ma: “...kowe barang ki termasuk cluthak! ””	√									√		√						<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung kaanan. • Kangge nyindhir Ss bilih Ss punika boten beda

Tabel Analisis Wujud , Jinis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	sae sanget.	apik loh.”																			<ul style="list-style-type: none"> • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken raos gumun amargi Ga anggenipun nyekar sae.
40	Ga ingkang saweg cariyos nalika panggih kaliyan putranipun Wi.	Ga: “Huuuuu, tak sogok gundhulmu , ngono.”		√					√										√		<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: gundhul + mu. • Jinis tembung aran. • Kangge guyon antawisipun Ga, Wi kaliyan Jo.
41	Wi maragakaken dados asu, amargi miturut Wi, Ga anggenipun mirsani Asu punika klentu.	Ga: “ Asune ki kowe apa kana?”		√					√												<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: asu + e. • Jinis tembung aran. • Gareng nyindhir Wisben ingkang sampun maragakaken maksudipun suwaraning asu ingkang leres.
42	Jo punika saweg dipundukani dening So, amargi boten tanggel jawab dhateng So.	Ga: “Huuuu, bosok bocahe .”							√											√	<ul style="list-style-type: none"> • Jejer: bocahe. • Wasesa: bosok. • Kangge ngina Jo amargi tumindakipun boten leres.
43	So duka dhateng Jo amargi piyambakipun boten tanggel jawab	So: “ Utek iki dienggo mikir .”							√												<ul style="list-style-type: none"> • Jejer: Utek iki. • Wasesa: Dienggo mikir. • Kangge ngandharaken dukanipun So amargi

Tabel Analisis Wujud , Jinis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	dhateng So.																				tumindakipun Jo.
44	So duka dhateng Ga. Ga sampun ngajari Jo perkawis ingkang boten sae inggih punika mabuk-mabukan.	So: “Sampeyan <i>tau</i> , sampeyan <i>udah pernah gundhul</i> bisa ora heh! <i>Udah pernah denger belum gundhul</i> bisa bengok?”	√						√												<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken dukanipun So dhateng Ga amargi sampun ngajari tumindak ingkang boten becik.
45	Ga dipunkeplak sirahipun dening So ngantos medalaken suwanten.	Wi: “Isa muni e endhase. ”		√					√												<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: endhas + e. • Jinis tembung aran. • Kangge ngledhek Ga ingkang dipunkeplak dening So.
46	Ga dipunkeplak sirahipun dening So ngantos medalaken suwanten.	Wi: “ Endhase muni , apik tenan.”							√												<ul style="list-style-type: none"> • Jejer: Endhase. • Wasesa: Moni. • Kangge ngledhek Ga ingkang sirahipun dipunkeplak dening So.
47	Sirahipun Ga dipunkeplak dening So, lajeng Wi ngledhek Ga amargi dipunkeplak kala wau.	Ga: “Apik endhasmu kuwi , dikeplak tenan e.”						√		√											<ul style="list-style-type: none"> • Frasa inti: endhasmu. • Atributif: kuwi. • Jinis frasa aran. • Kangge ngandharaken kuciwanipun Ga amargi saestu dipunkeplak.

Tabel Analisis Wujud , Jenis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	saweg nangis.	kuwi lho.”																			<ul style="list-style-type: none"> • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken dukanipun Yn amargi Ss ngendika kemawon.
57	Yn gumun dhateng So ingkang pados sukunipun.	Yn: “Kowe ki kenthir! ”	√							√											<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung kaanan. • Kangge ngandharaken gumunipun Yn dhateng So ingkang pados sukunipun.
58	So nangis kemawon, sanajan Ss sampun nyobinglipur.	Ss: “Kowe isa meneng ora ta Su! ”				√		√							√						<ul style="list-style-type: none"> • Tembung wancah saking tembung ‘asu’. • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken dukanipun Ss dhateng So amargi nangis kemawon.
59	Yn mangsuli pangandikanipun Ss ingkang micara kasar.	Yn: “Nek su kowe rik apa piye!”				√		√							√						<ul style="list-style-type: none"> • Tembung wancah saking ‘asu’ lan ‘kirik’. • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken jengkelipun Yn amargi Ss nyebut Yn punika ‘rik’.
60	Ga dipunapusi dening Wi, Jo lan Yu babagan kraton Jogja ingkang katingal miring.	Ga: lh, matamu aja yang sempar!		√					√						√						<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: mata + mu. • Jinis tembung aran. • Ngandharaken jengkelipun Ga amargi dipunapusi dening Wi, Jo

Tabel Analisis Wujud , Jenis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

																						lan Yn.	
61	Ha anggenipun manggen wonten panggung klentu, lajeng dipunajari dening Ss.	Ss: “ <i>Sum out, sum out, minggat loh sum out ki!</i> ”	√							√												<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung kriya. • Kangge ngandharaken jengkelipun Ss amargi Ha klentu anggenipun jumeneng. 	
62	Ma boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Ss.	Ma: “ Goblog le ngandhani e wong kowe, ngono kok guru ya diangkat kuwi lho.”	√							√											√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinistembung kaanan. • Kangge ngina Ss amargi boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Ma. 	
63	Ss mangsuli pangandikanipun Ma ingkang boten sarujuk kaliyan pamanggihipun.	Ss: “Aku saploke awor wong goblog ketularan e aku.”						√		√											√	<ul style="list-style-type: none"> • Frasa inti: wong. • Atributif: goblog. • Jinis frasa aran. • Kangge ngandharaken rumaketing sesambetan antawisipun Ma kaliyan Ss. 	
64	Rombongan dhagelan ingkang ngoyak Sp klentu marginipun, Wi ingkang mirsani lajeng ngendika makaten.	Wi: “Eh eh eh, pekok kabeh! ”						√		√												√	<ul style="list-style-type: none"> • Frasa inti: pekok. • Atributif: kabeh. • Jinis frasa kaanan. • Kangge ngina para paraga amargi klentu anggenipun mlayu.
65	Ga ndherek wonten	Ga: “Eh! Asune								√												√	<ul style="list-style-type: none"> • Jejer: asune.

Tabel Analisis Wujud , Jinis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	ing rombongan dhagelan ingkang ngoyak Sp. Ga mireng bengokanipun Wi babagan klentu marginipun.	njegog eh!"																			<ul style="list-style-type: none"> • Wasesa: njegog. • Kangge ngina Wi amargi anggenipun micara kados satunggaling kewan.
66	Sp saged lolos amargi pinter sanget anggenipun micara.	Ma: "Kabeh pinter ngomong kabeh, kaceke bar diombeni oli cangkeme lunyu banget gitu ya."					√														<ul style="list-style-type: none"> • Jejer: cangkeme. • Wasesa: lunyu banget. • Kangge nyindhir tiyang ingkang pinter micara dados boten katingal klentunipun.
67	Ma lan Ss saweg guyon bab teges basa ngamanca, teges basa ngamanca punika ateges kasar.	Ga: "Piye ta iki, dhagelan cangkeme dha! "		√				√													<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: cangkem + e. • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken kuciwanipun Ga amargi para paraga saweg micara kasar.
68	Ss mangsuli guyonanipun Ma kanthi negesi tetembungan basa ngamanca sanesipun.	Ss: " <i>Your eyes!</i> Matamu! "		√				√												√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: mata + mu. • Jinis tembung aran. • Kangge guyon antawisipun Ss kaliyan sanesipun.
69	Ga mangsuli	Ga: " <i>Your head!</i> "		√				√												√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan:

Tabel Analisis Wujud , Jenis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	guyonanipun Ss kanthi negesi tetembungan basa ngamanca sanesipun.	Endhasmu!”																		endhas + mu. • Jinis tembung aran. • Kangge guyon an antawisipun Ga kaliyan sanesipun.
70	Di minangka mahasiswa dipuntunjuk dening Ss supados saged micara wonten ngajeng tiyang kathah, ananging pangandikanipun Di boten trep kaliyan ingkang dipunkajengaken.	Ss: “Mahasiswa, huuuu! Kاملeng watu!”						√											√	• Wasesa: kampleng. • Lesan: watu. • Kangge ngandharaken kuciwanipun Ss dhateng Di amargi pangandikanipun Di boten kados ingkang dipunkajengaken.
71	Lampu wonten ing pentas punika dipunpejahi.	Ss: “Diuripke, Su!”				√		√											√	• Tembung wancah saking tembung ‘asu’. • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken dukanipun Ss amargi lampunipun dipunpejah.
72	So saweg micara kaliyan Ha, ananging ingkang nari punika sami nginjeng.	So: “Heh! Heh! Minggat! Minggat! Minggat ora!	√																√	• Tembung lingga. • Jinis tembung kriya. • Kangge ngandharaken dukanipun So amargi

Tabel Analisis Wujud , Jinis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

																					dipuninjeng dening Pn.
73	So ngandharaken bilih piyambakipun sampun nindakaken sedaya perkawis ingkang dipunkajengaken dening Ha, ananging tumindakipun So punika boten dipunanggep.	So: “Lah <i>tadi</i> aku ah eh ah eh, rumangsamu aku mengi pa?”	√							√											<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung kaanan. • Kangge ngandharaken kuciwanipun So amargi ingkang dipunkajengaken boten kaleksanan.
74	So ngancem Ga amargi Ga punika ngajari perkawis ingkang boten sae dhateng garwanipun So.	So: “ Takkeplak sirahmu sisan mengko palahan!”								√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: Tak + keplak. • Jinis tembung kriya. • Kangge ngancem Ga amargi sampun ngajari perkawis ingkang boten sae dhateng garwanipun.
75	So saweg ngendika dhateng garwanipun amargi garwanipun punika boten tanggek jawab lan nyebut bilih So katarak.	So: “Ooh, nantang tenan kowe! ”	√							√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga. • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken dukanipun So amargi Jo ngendika bilih So katarak.
76	So kuciwa dhateng	So: “ Kowe ki ya	√							√										√	<ul style="list-style-type: none"> • Tembung lingga.

Tabel Analisis Wujud , Jinis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	Pak Gedhenipun inggih punika Ss. So saweg nangis ananging Ss ngendika ingkang dadosaken raosipun So boten remen	mbok ngewangi aku ngono lho! Aja mbebandu terus ngono kuwi!”																		<ul style="list-style-type: none"> • Jinis tembung lingga aran. • Kangge ngandharaken kuciwanipun So dhateng Ss amargi pangandikanipun boten kados ingkang dipunkajengaken So.
77	Ha ngendika dhateng Ss ingkang yuswanipun langkung inggil. Ss mlampah tumuju dhateng Ha badhe taken akikipun.	Ha: “ Arep ngapa! ”					√													<ul style="list-style-type: none"> • Tembung ‘arep’ minangka jejer, lan tembung ‘ngapa’ minangka wasesa. • Kangge ngandharaken dukanipun Ha amargi gadhah pangraosdipunapusi babagan akik dening Ss.
78	Ma wonten ing ngajeng wardenipun Yn mirsani pocongipun. Ma punika minangka Kepala Desa.	Yn: “ Bokong kisut! ”					√													<ul style="list-style-type: none"> • Frasa inti ‘bokong’, atributif ‘kisut’. • Jinis frasa aran. • Kangge ngandharaken jengkelipun Yn dhateng Ma ingkang caos pirsira pocongipun.
79	Ma wonten ing ngajeng wardenipun Yn mirsani pocongipun. Ma	Yn: “Heh! Mengko palah warung ora payu tok adhepi	√					√												<ul style="list-style-type: none"> • Tembung andhahan: bokong + mu. • Jinis tembung aran. • Kangge ngandharaken

Tabel Analisis Wujud , Jenis lan Fungsi Basa Kasar wonten ing Pentas Laskar Dagelan.

	punika minangka Kepala Desa.	bokongmu kuwi”																		jengkelipun Yn dhateng Ma ingkang caos pirsu pocongipun.
80	Ga ngendika bilih kraton Yogyakarta miring.	Yn: “Tak omongi reng, <i>siapa saja yang menyinggung nama keraton Jogja, apa lagi kamu mengatakan miring, ooh mengko rong dina neh mati kowe, tenan!</i> ”							√											<ul style="list-style-type: none"> • Wasesa: mati. • Lesan: kowe. • Kangge nyumpahi Ga ingkang sampun ngendika bilih kraton Jogja miring.